ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№117 (21.275) ● 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

ЗэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэм я нэщэнэ

Сурэтыр МАМИЙ Руслан трихащ.

«Налшык машинэ завод» акционер обществэ зэIухам дыгъуасэ Iуэху дахэ щекIуэкIащ. Абы къыщызэIуахащ «Ипщэ Авто-Налшык» ООО-р.

АВТОСАЛОНЫМ Урысейм щызекIуэ уасэхэмкIэ щащэнущ ди деж щызэпкъралъхьа хамэ къэрал автомашинэхэр. ЗэкIэ абы цIыху 35-рэ щылэжьэнущ.

Автосалоным и унафэщI **Ковригин Иван** зэрыжиIамкIэ, бадзэуэгъуэ мазэм щIадзэнурэ апхуэдэ Iуэхущ1апIэу 5 Шэджэм районым щаухуэнущ. Абыхэм лэжьыгъэ IэнатIэщIэкIэ къызэрагъэпэщынущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыху миным нэблагъэ. Ахэр хэкъузауэ щрагъэджэнущ Мэзкуурэ хамэ къэралхэмрэ. Лэжьэн щIадзэмэ, дэтхэнэми улахуэ хъарзынэ къыIэрыхьэнущ.

ДяпэкIэ хуейхэм Iэмал ягъуэтынущ автомашинэ хэплъыхьахэр къащэхуну, абыхэм я техникэ щытыкIэм гугъэзагъэу кIэлъагъэплъыну.

ГуфIэгъуэ зэхыхьэм хэтащ КъБР-м и Президент **Къанокъуэ Арсен,** Правительствэм щыщхэр, «Ипщэ Авто» компанием и президент **Пщыныкъуей Аскэр,** Налшык къалэ администрацэм и лIыкIуэхэр, сату, транспорт Iуэхущ1апIэхэм я унафэщIхэр, щэхуакIуэхэр.

Япэ псалъэр лъагъэсащ «Ипщэ Авто» компанием и президент Пщыныкъуей Аскэр.

«Дэ ди Iуэхущ1апIэр «Шевроле», «Опель», «Хонда», «Пежо», «АвтоВАЗ» компаниехэм я дэлэлщ. «Ипщэ Авто» холдингым и къудамэм фи республикэм хуэфэщэн зыужьыныгъэ зэрыщигъуэтынур си фIэщ мэхъу. Абы шэч къытетхьакъым мы Iуэхур къыщетхьэжьэм»,- къигъэлъэгъуащ абы.

Къанокъуэ Арсен къыщыпсалъэм къыхигъэщащ къыхалъхьа Iуэхур республикэм къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэ нэрылъагъухэм я нэщэнэфIу зэрыщытыр.

«Псоми фи нэгу щIокI ухуэныгъэ куэд зэредгъэкIуэкIыр, бюджетым щыхухэтхахэр фейдэ пылъу къэгъэсэбэпыным, ди республикэм инвестицэ мылъку къешэлIэным дызэрыхущIэкъур. Мыр щIэдзапIэу аращ. Етхьэжьа Iуэхур зы илъэс, илъэсрэ никъуэкIэ и кIэм тхунэгъэсмэ, ар ди цIыхухэм я дежкIэ ефIэкIыныгъэшхуэу къызолъытэ. «Ипщэ Авто» компанием и унафэщIхэми, ди жэрдэмыр къыддэзыIыгъахэми фIыщIэ ин яхузощI. Ди зэдэлэжьэныгъэр кIыхь хъуну си гуапэу, нобэ къызэIутх автосалоным гъуэгу махуэ жызоIэ», - жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и УнафэщIым.

ИужькIэ Къанокъуэ Арсенрэ Пщыныкъуей Аскэррэ данэ лентI плъыжьыр зэпаупщIри, автосалоныр къызэIуахащ, и щытыкIэр зрагъэлъэгъуащ, абы щIэт автомашинэхэм еплъащ.

УЭРЭЗЕЙ Рашид.

КЪАНОКЪУЭ Арсен: Къалэдэсхэрщ къуажэм щыпсэуным щIэхъуэпсын хуейр

Ди газетым зэрытетащи, мэкъуауэгъуэм и 17-м Къэбэрдей-Балъкъэрым и Президентым Куба къыщызэIуихащ ЩэнхабзэмкIэ унэщIэр.

А МАХУЭР дыгъэпст, егъэлея жыпIэн хуэдизуи хуабэт. АрщхьэкIэ Куба (Хьэсэнбий къуажэ) жылэжьым ЩэнхабзэмкIэ и унэ дахащэу дащIыхьам и гупэм цIыху куэд дыдэ щызэхуэсат. Псори зыхуэгъэзар къуажэм щаIэт гуфIэгъуэшхуэрт.

...Сыхьэтыр 12-м ЩэнхабзэмкIэ унэм и куэбжэм деж къыщыувыIащ автомашинэ зыкъызых зыбжанэ. Абыхэм къикIащ республикэм и Iэтащхьэр зи пашэ гуп. А куэбжэ дыдэм и деж лэжьыгъэм и ветеран, нэхъыжьхэм я пэщIэдзэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм жыджэру хэт МацIыхъу Билал махъсымэ зэрыт фалъэр щыIэщIилъхьащ Къанокъуэ Арсен. Къызэхуэсахэр Iэгуауэшхуэ, макъамэ дахэхэмкIэ КъБР-м и Президентыр ирагъэблэгъащ. Гупыр щIыхьэпIэм къытеува иужь, зэIущIэр къызэIуихащ къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Къэнэмэт Рустам. Абы жиIащ мыпхуэдэ гуфIэгъуэм мы жылэр илъэс 20-м щIигъукIэ зэрыпэплъар. Уеблэмэ Куба щыпсэухэр щыгугъыжтэкъым иджырей зэманым сыт и лъэныкъуэкIи езэгъ мыпхуэдэ ухуэныгъэ дахэ ялъагъуну.

ИужькIэ псалъэ иратащ **Къанокъуэ Арсен.** ГуфIэгъуэмкIэ къуажэдэсхэм къехъуэхъури, ар кIэщIу икIи купщIафIэу къэпсэлъащ.

- Нобэ кубадэсхэм я мызакъуэу, псоми ди зэхуэдэ гуфIэгъуэщ. ПIалъэ кIэщI дыдэм къуажэм дащIыхьащ ди зэманым къигъэувхэм сыт и лъэныкъуэкIи езэгъ IуэхущIапIэ, иджы Куба щыпсэухэм, псом хуэмыдэу щIалэгъуалэм, я нэгу зыщрагъэужьын яIэщ. Мыпхуэдэ ухуэныгъэхэм къагъэлъагъуэ ди къуажэхэм зегъэужьынымкIэ ди мурадхэр къызэрыдэхъулIэр. Нэхъапэм ЩэнхабзэмкIэ унэхэр къыщызэIутхащ Хьэсэней, Кэнжэ жылагъуэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм. Иджы чэзур Куба къылъысащ.

● ГуфIэгъуэ репортаж

Куба ЩэнхабзэмкIэ и унэр.

Мы къуажэм щIэх-щIэхыурэ дыкъэмыкIуэфми, дэ фIыуэ дыщыгъуазэщ абы и Iуэху зыIутхэм. ДощIэ фи сымаджэщыр зэрызэпэщыр, фи езанэ курыт школым и щхьэр щIэкIэ зэхъуэкIын зэрыхуейр, нэгъуэщI лэжьыгъэхэри зэрегъэкIуэкIыпхъэр.

Илъэсым и кIэм е къэкIуэну гъэм и пэщIэдзэм Къэбэрдей-Балъкъэрым къыIэрыхьэнущ псэуныгъэ-экономикэ IэнатIэм ирахьэлIэну сом мелардхэр. Ар къэгъэIурыщIэнымкIэ программэм фи жылагъуэри хэтщ. Iуэхур зыхуэгъэзар ди жылагъуэхэм зегъэужьынырщ. Къуажэдэсхэр къалэм щыпсэуным щIыщIэхъуэпсын щыIэкъым, атIэ езы къалэдэсхэрщ къуажэм щыпсэуным щIэхъуэпсын хуейр. Нобэрей Iуэхур щыхьэт тохъуэ ди республикэр къыхиха гъуэгум зэпIэзэрыту икIи зы мурадым тету зэрыхуэкIуэм, - жиIащ Президентым.

АдэкIэ зэIущIэм къыщыпсэлъащ Куба щыщ, КъБКъУ-м и профессор, лъэпкъ IэщIагъэхэмкIэ кафедрэм и унафэщI **Мэлбахъуэ Борис,** ветеранхэм я пэщIэдзэ зэгухьэныгъэм и унафэщI **Къанкъул Былэ,** къуажэ библиотекэм и унафэщI, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Къэзан Сусаннэ,** Бахъсэн район администрацэм и Iэтащхьэ **Къаздэхъу Альберт,** нэгъуэщIхэри.

Абыхэм къыхагъэщхьэхукIащ мы IуэхущIапIэщIэм къуажэдэсхэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ дыдэ зэриIэнур. Абы шэч гуэри хэлъкъым: Куба къыдэкIащ зэфIэкIышхуэ зиIэ гъуазджэ лэжьакIуэхэр. Псалъэм и хьэтыркIэ, дуней псом щыцIэрыIуэ сурэтыщI, УФ-м ХудожествэмкIэ и академием и член-корреспондент, Красноярск художественнэ институтым и профессор Пащты Герман, зи гугъу тщIы зэIущIэм хэт гъэсакIуэ-егъэджакIуэ гъуэзэджэ Мэлбахъуэ Борис, япэ адыгэ скульптор Къалмыкъ Федоррэ дыщэкI IэщIагъэ адыгэхэм къахэзыхьэжа, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат Шыкуэ Толэрэ (тIури пасэу дунейм ехыжащ).

Иджы абыхэм я Iуэхум пызыщэну хуейхэм я гъуэгур зэIухащ. ЩэнхабзэмкIэ унэм хэтщ зыкъыщагъэлъагъуэ, щызэхуэс пэшышхуэр, зи тхылъхэм я къулеягъкIэ республикэм щыцIэрыIуэ библиотекэр, сурэт щIынымрэ макъамэмрэ щыхурагъэджэ школыр, къабзэ дыдэу икIи дахэу «хуэпа» адрей пэшхэм кружок зэмылIэужьыгъуэхэр щылэжьэнущ.

ФIыщIэ ин яхуэфащэщ ухуакIуэхэм. «Эльбрус Лайн» ООО-м и лэжьакIуэхэм зы илъэсым къитIасэу унэ дэгъуэр зэфIагъэуващ. Ахэр жэщ-махуэ, зыгъэпсэхугъуэ ямыIэу мыбы елэжьащ, къуажэдэсхэр нэхъ псынщIэу зэрагъэгуфIэным хущIэкъуу. Абыхэм тхыгъэ щхьэхуэ тедухуэну ди мурадщ.

ЗэIущIэр гукъинэж хъуащ. СценэщIэм концертышхуэ щатащ «Хьэтхэр», «Кавказ», «Нур» уэрэджыIакIуэ-къэфакIуэ ансамблхэм, Кыщпэк къуажэм къикIа артист ныбжьыщIэхэм.

КъБР-м и Президентым и гъусахэу Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ **ДыщэкI Мадинэ,** щэнхабзэмрэ хъыбарегъащIэ IэнатIэхэмкIэ министр **Тут Заур,** ухуэныгъэмкIэ, архитектурэмкIэ министр **АфэщIагъуэ Михаил,** абы и къуэдзэ **Бэджыдэ Анзор** сымэ Iэгуауэхэмрэ макъамэхэмрэ щIэту ирагъэжьэжащ.

Куба ику дыдэм къыдэхута унэ гъуэзэджэм къуажэр егъэдахэ. Абы я Iуэхухэр зэрефIэкIуэжынымкIэ къуажэдэсхэм яхэлъ фIэщхъуныгъэр игъэбыдащ.

ГуфIэгъуэм къуажэдэс куэд къэрихьэлIащ.
Сурэтхэр МАМИЙ Руслан трихащ.

ШАЛ Мухьэмэд.

● Лэскэн куей

Мылъкур мэбагъуэ

Республикэм и АПК-м зиужьыныр нобэ сыт и лъэныкъуэкIи елъытащ бэджэндырылажьэхэм я зэфIэкIым.

АПХУЭДЭУ Лэскэн куейм и цIэ фIыкIэ къыщраIуэ Къардэн Хьэжбий и уней хозяйствэм. Мэкъумэшыщ1эр Iуэху зыбжанэм пэрытщ: хьэцэпэцэ кьегъэкI, Iэщрэ бжьэрэ егъэхъу. ИужьыIуэкIэ мэракIуэ Iэрысэ щIэнми зритащ. «Мыпхуэдэ Iуэху зэгъэуIуа къызэрессхьэжьам сыхущIегъуэжакъым», - жеIэ Къардэным.

Дыгъэри уэшхри и чэзум зыгъуэта гуэдзым, нартыхум, хадэхэкIым я щытыкIэм иджыпсту дэбгъуэн щыIэкъым. Бэджэндырылажьэм жызум лъэпкъыфIу гектаритху хисащ. Ари фейдэншэ зэрымыхъунур нэрылъагъущ: япэу къыпидза жызум къудамэхэр инщ. Хозяйствэр зэгъэщIылIа Арщыдан къуажэм и администрацэм и унафэщI Иуаз ФатIимэ щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Къардэн Хьэжбий хуэдэ бэджэндырылажьэхэм я фIыгъэкIэ къуажэ псэукIэр зэрефэкIуэнум шэч хэлъкъым. «Абыхэм я мылъкур бэгъуэху, къуажэ, бюджетми хэхъуэнущ», - жеIэ ФатIимэ.

ЖАНОКЪУЭ Гулэз.

● Тэрч куей

Бжьамийхэр зэрахъуэкI

Тэрч къалэ и «Водник» муниципальнэ IэнатIэм и къалэнхэр гъэмахуэ мазэхэм куэдкIэ нэхъыбэ мэхъу.

УНЕЙ лъапсэ зиIэ къалэдэсхэм жыгхэм, хадэхэкIхэм, къэкIыгъэ щхъуантIэхэм псы щIагъэлъадэри, псыр зэпэубыдаи щыхъу щыIэщ. «Водник» МУП-м и унафэкIэ къалэдэсхэм къагъэсэбэп псыр къызэрапщытэ счетчикхэр ягъэуващ. Псыр мардэ пыухыкIам тету къэгъэсэбэпыныр предприятэмкIи езы цIыхухэмкIи нэхъ езэгъырабгъуу къалъытащ IэщIагъэлIхэм. Нобэ Тэрч къалэр псыкIэ нэсу къызэгъэпэщыным гугъуехь мащIи пыщIакъым: псы хъумапIэхэр нэщI зэрымыхъуным кIэлъоплъ, электрокъарур зэзыгъэзахуэ насосхэр ягъэуващ. Насосхэм я лэжьэкIэм арэзы къищIмэ, къыхащэхуэну я мурадщ. КъимыдэкIэ, Iуэхущ1апIэм иIэщ псы къыщIэшыпIэу 4. Ар яхуримыкъу хъумэ, IэщIагъэлIхэм шэч къытрахьэркъым иджыри зы е тIу яухуэн хуей зэрыхъунум.

«Водник» МУП-м лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI жьы хъуа бжьамийхэр зэхъуэкIынымкIэ. Тэрч къалэ Кировым и цIэр зезыхьэ уэрамым и закъуэ щызэрахъуэкIащ метр 800-м нэс. Лэжьыгъэм адэкIи пащэнущ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ПсэупIэ ухуэныгъэхэм йоужьэрэкI

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и районхэм щыщу псэупIэхэр ухуэнымкIэ Тохъутэмыкъуейр япэ итщ. Иджыпсту абы щаухуэ метр зэбгъузэнатIэ мини 160-м нэблагъэ зыубыд къат куэду зэтет унэхэр. Абы къыкIэлъокIуэ Мейкъуапэ, Адыгейск къалэхэр, Теучэж куейр.***

ПСАЛЪЭМ папщIэ, Тохъутэмыкъуей районым и Енем жылагъуэм нэгъабэ щатащ къат куэду зэтет унэ 11, иджыпсту ухуэныгъэу 8-м лэжьыгъэхэр щокIуэкI. IэщIагъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, псэупIэхэр ухуэныр а куейм жыджэру щIыщекIуэкIым щхьэусыгъуэ зыбжанэ иIэщ. Япэрауэ, цIыху куэд щопсэу икIи зэрыгурыIуэгъуэщи, псэупIэр зэпэубыдащ. АдэкIэ, ипотекэ кредит зэрат хабзэр зэрылажьэми мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абы нэмыщIкIэ, Тохъутэмыкъуей куейр Краснодар крайм пэгъунэгъущ.

Къыхэдгъэщынщи, 2007 гъэм Адыгейм псэупIэу щатащ метр зэбгъузэнатIэ мин 65,5-рэ.

Гъэлъэгъуэныгъэм зыхуагъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***«Урысейм и хьэпшып нэхъыфIи 100» урысейпсо зэпеуэм хэтыну зыхуэфащэу къалъытэ республикэ IуэхущIапIэхэр иджыблагъэ Черкесск къалэ щагъэбелджылащ.***

ЩIЫНАЛЪЭ зэпеуэм хэтащ республикэм и IуэхущIапIэу 38-рэ. Абыхэм ящыщу 16-м хуагъэфэщащ Москва щекIуэкIыну кIэух зэхьэзэхуэм я хьэпшыпхэр, ерыскъыхэкIхэр, Iэмэпсымэхэр, оборудованэхэр щагъэлъэгъуэну.

«Ди гур хегъахъуэ урысейпсо зэхьэзэхуэм дгъакIуэ ди IуэхущIапIэхэм я бжыгъэм илъэс къэс зэрыхэхъуэм, я нэхъыбэми текIуэныгъэ къахьауэ къызэрагъэзэжым», - жиIащ КъШР-м и вице-президент Молдовановэ Верэ.

Иджы екIуэкIа щIыналъэ зэхьэзэхуэм республикэм и IуэхущIапIэу 8-м япэу я зэфIэкI щагъэлъэгъуэн аращ. Абыхэм яхэтащ Урысейм и ХъумапIэ банкым и къудамэу КъШР-м щыIэр, «Пчелпром» ЗАО-р, турист фирмэ зыбжанэ.

«Зэхьэзэхуэм хэт ди IуэхущIапIэхэм я продукцэм я фIагъым хагъэхъуащ, я теплъэми удехьэх. Абы къегъэлъагъуэ республикэм и къэкIуэнур зэрыдахэр», - къыхигъэщащ зэхьэзэхуэм кIэлъыплъа, КъШР-м и экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министр Есчындар Алексей.

Къыхэдгъэщыщи, нэгъабэ екIуэкIа «Урысейм и хьэпшып нэхъыфIи 100» урысейпсо зэхьэзэхуэм и лауреат, дипломант хъуащ Къэрэшей-Шэрджэс щIыналъэм и IуэхущIапIэу 9.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Дзэлыкъуэ куей

И теплъэр йофIакIуэ

Дзэлыкъуэ куейм хыхьэ Сэрмакъ къуажэм и гъуэгухэр мы зэманым еужьэрэкIыу зыхуей хуагъазэ: метр зэбгъузэнатIэ 600-м асфальт щIэуэ тралъхьащ, уэрам зыбжанэм кумблIэмбхэр щагъэсеящ, иджыпсту къуажэм и уэрам нэхъыщхьэм жьы хъуа асфальтыр щызэрахъуэкI.

МЫ ЛЭЖЬЫГЪЭР къызыхуэтыншэу кърехьэлIэ Нэгъуей Владимир зи Iэтащхьэ Дзэлыкъуэ куейм и «Гъуэгуухуэ» IэнатIэм. УнафэщIым зэрыжиIэмкIэ, къуажэ гъуэгухэр псори зэIузэпэщ ящIыху лэжьыгъэхэр зэпыунукъым. ТехникэмкIи ухуэныгъэ пкъыгъуэхэмкIи хъарзынэу къызэгъэпэщахэщ. Бжьыхьэм ирихьэлIэу лэжьыгъэр и кIэм нагъэсыну мэгугъэ. Къуажэ администрацэм и Iэтащхьэ Дохъушокъуэ Исмэхьил мы гъэмахуэм япэ ирагъэща нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжанэми щыгъуазэ дыхуищIащ: къуажэм дэт административнэ унэхэм екIуалIэ гъуэгухэр зэрагъэпэщыжащ, гъуэгубгъухэм ирикIуэу бетон къэухьхэр щагъэтIылъащ. Сэрмакъ къуажэкум хуэзэу щаухуащ спорт-джэгупIэ утыку. Иджыпсту ар екIуу къахухьыж. Къуажэ администрацэм и унафэкIэ къызэрагъэпэщащ удзыжьхэр зыгъэкIуэдын цIыху гупи. Гъэмахуэр къызэрихьэрэ абыхэм кърач къуажэм и теплъэр зымыгъэдахэ икIи узыншагъэмкIэ зэраныгъэ къэзышэ удз лIэужьыгъуэхэр. Къуажэ кIуэцIым къабзагъэм ткIийуэ щыкIэлъоплъ, мы Iуэхум хухахащ бульдозеритI.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

ХуэдитIым нэблагъэкIэ

ЩIышылэм и 1-м щегъэжьауэ Урысейм улахуэм хуэди 2-м нэблагъэкIэ щыхагъэхъуэнущ икIи ар сом мини 4-рэ 330-м нэсынущ.

Дыгъуасэ ФедерацэмкIэ Советыр арэзы техъуащ нэхъапэIуэкIэ Къэрал Думэм къищта а Законым. Iэ щIидзын папщIэ ар Президентым хуагъэхьащ.

Ищхьэ палатэм Социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымрэкIэ и комитетым и унафэщI Петренкэ Валентинэ къызэрыхигъэщамкIэ, къэралым и лэжьакIуэхэм я щIэу я улахуэм зэрыхэхъуэнымкIэ ар сэбэпышхуэ хъунущ.

Щы мэхъу

Прокуратурэ нэхъыщхьэм деж следственнэ комитетым и Политковскэ Аннэ теухуа Iуэхум хэплъэн щIэнущ.

Фигу къыдгъэкIыжынщи, «Новая газета»-м и обозревателу 2006 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм езыр щыпсэу унэм и щIыхьэпIэм деж щаукIауэ щытащ.

Ягъэкъуаншэхэр 3 мэхъу. Ахэр Мэзкуу и УБОП-м и лэжьакIуэу щыта Хаджикурбанов Сергей, Махмудов зэкъуэшхэу Ибрэхьим, ДжэбрэIил сымэщ. Политковскэр зыукIауэ къалъытэ Махмудов Рустам дуней псом къыщалъыхъуэ.

ЩIэпхъаджагъэр зи жэрдэмым нэгъуэщI къэрал зыщегъэпщкIу.

Сом меларди 2-м нэс хэщIыныгъэ

УФ-м и Прокуратурэ Нэхъыщхьэм деж следствиемкIэ щыIэ комитетым и лIыкIуэ Маркин Владимир зэрыжиIамкIэ, жып телефонхэр фейдэ хэкIыпIэ зэращIам къыхэкIыу, Шереметьевэ кхъухь лъэтапIэм и таможнэм и лэжьакIуи 6-рэ зы контрабандистым ягъэтIысащ.

ЩIэпхъаджащIэ гупым къэралым сом меларди 2-м нэблагъэ хэщIыныгъэ иратащ. Абыхэм Iэзэу къагъэсэбэпырт таможнэ пошлинэхэмрэ налогхэмрэ къызэрапыкIуэ Iэмалхэр.

Къару егъэут

Израилымрэ унафэщIхэм зэрыжаIамкIэ, ахэр хэзыщ Газэ куейр зи кIэлъыплъыныгъэм щIэт, Палестинэм и «ХАМАС» зэщIэхъееныгъэм екIужыну.

ЗэкIужыным теухуауэ лъэныкъуитIым зэращIылIа зэгурыIуэныгъэм нышэдибэ жьыуэ къару игъуэтащ.

ЗэгурыIуэныгъэм ипкъ иткIэ, Израилым Газэ щIыпIэм зауэ хуэIухуэщIэхэр щригъэкIуэкIынукъым, «ХАМАС»-м езым и лъэныкъуэм щыщхэр а къэралым и щIыналъэм ракетэкIэ иригъэуэнукъым.

(ИТАР-ТАСС).

НОБЭ

◆ **Сабий футболым и дунейпсо махуэщ.** ООН-м и Сабий фондымрэ (ЮНИСЕФ) футбол ассоциацэхэм я Дунейпсо федерацэмрэ (ФИФА) ягъэуващ.

◆ Илъэс 40 и пэкIэ (1968) ООН-м ШынагъуэншагъэмкIэ и Советым къищтащ ядернэ Iэщэ зимыIэ къэралхэм я шынагъуэншагъэм и шэсыпIэхэм теухуа унафэ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 19 - 28-хэм Брюссель (Белгие) щекIуэкIынущ къэралхэмрэ правительствэхэмрэ я Европэ советым и сессие.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 19 - 28-хэм зэхэтынущ XXX Мэзкуу дунейпсо кинофестивалыр.

◆ Илъэс 85-рэ и пэкIэ (1923) къалъхуащ урыс еджагъэшхуэ-хыхутэ, география щIэныгъэхэм я доктор, профессор, РАН-м и член-корреспондент, СССР-м и Къэрал саугъэтхэм (1969, 1977) я лауреат **Удинцев Г.Б.**

◆ Илъэс 80 и пэкIэ (1928) къалъхуащ молдаван уэрэджыIакIуэ, егъэджакIуэ, СССР-м и цIыхубэ артисткэ **Алешинэ-Александровэ Т.Г.**

◆ Илъэс 50 и пэкIэ (1958) къалъхуащ спортым щIыхь зиIэ и мастер, тIэунейрэ Олимп чемпион (1984, 1988), дуней псом блэнейрэ и чемпион (1979, 1981, 1982, 1983, 1986, 1989, 1990), СССР-м бгъуэнейрэ и чемпион (1977 - 1989), Канадэм и Кубокыр къэзыхьа хоккеист **Макаров С.М.**

◆ Илъэс 75-рэ и пэкIэ къалъхуащ СССР-м и кхъухьлъатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Пацаев В.И.** (1933 - 1971). 1971 гъэм мэкъуауэгъуэм и 30-м ЩIым къыщагъэзэжым хэкIуэдащ.

◆ **Дыгъэр къыщIэкIащ сыхьэти 5-рэ дакъикъэ 23-м, къухьэнущ сыхьэт 20-рэ дакъикъэ 54-м.**

◆ **Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 15-рэ дакъикъэ 31-рэ.**

Напэкlуэцlыр зыгъэхьэзырар ХЬЭЖЫКЪАРЭ Аликщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:
Псалъэ дахэм гуауэр пщегъэгъупщэ.

● Iуащхьэмахуэ куей

Лъэ быдэ

Зэман кIыхькIэ зэхуэщIауэ щыта Тырныауз дэт ремонт-механикэ заводыр къызэрызэIуахыжрэ куэд мыщIа пэтми, и зэфIэкIым зэрыхэхъуэр къигъэлъэгъуэн хузэфIэкIащ.

IЭНАТIЭР лъэ быдэкIэ увынымкIэ дэIэпыкъуэгъуушхуэ къыхуэхъуащ иджыпсту зи жьауэм щIэту лажьэ «Доверие» ООО-р. Мы предприятитIыр зэкъуэува нэужь, зэман кIэщIым къриубыдэу ремонт-механикэ заводым зи IэщIагъэм фIыуэ хэзыщIыкI лэжьакIуэхэр кърашэлIэжын, цех зыбжанэ зыхуей-зыхуэфIхэмкIэ нэсу къызэрагъэпэщын яхузэфIэкIащ. Заводым мыгувэу къыщIигъэкIынущ блок лIэужьыгъуэщIэхэр. Абы ехьэлIа Iэмэпсымэхэр къащэхуащ. Зы жэщ-махуэм блок мини 8 ягъэхьэзырыну Iэмал яIэщ. Мы заводыр и кIэм нэс зэтраухуэмэ, цIыхуи 100-м IэнатIэ ягъуэтынущ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

● «Адыгэ псалъэр» къыхызох

Дэтхэнэ зы жьэгу пащхьэми дэлъыпхъэщ

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ къыщыдэкI газетхэм нэхъ яхэзгъэфIыкIыу ди унагъуэм къихьэр «Адыгэ псалъэ» газетращ. Сыт ар нэхъыфIу щIэслъагъур? Абы щхьэусыгъуэ куэд иIэщ, ауэ нэхъыщхьэр, дауи, адыгэбзэкIэ къызэрыдэкIырщ.

Дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэр, зэрахузэфIэкIкIэ, нэхъ псынщIэу щIэджыкIакIуэхэм я пащхьэ иралъхьэну адрей газетхэри хущIокъу, пэтми, сэ а псори си анэдэлъхубзэкIэ щIэзджыкIыну сыхуейщ, сыт щыгъуи Iэ зытездзэр «Адыгэ псалъэрщ». Пэжщ, нэгъуэщI хыбар куэд къызэрыбгъуэт журналхэмрэ газетхэмрэ урихьэлIэнущ, зи гугъу сщIыр Урысейм къыщыдэкIхэрщ, итIанэми зи унагъуэм «Адыгэ псалъэ» имыхьэ хуэдэу [illegible] къэхъуну. [illegible] ди анэдэлъхубзэкIэ къыдэкI а газет закъуэр.

И теплъэкIи, и купщIэкIи хуабжьу зыхуэжащ нужьрей илъэсхэм, жыпIэнурамэ, махуэ къэс нэхъ ефIакIуэурэ макIуэ. Ди гъащIэм щIэуэ къыхыхьахэм, нобэ ди псэукIэм сыт щыгъуи жыджэру тетхыхь журналистхэм я IэдакъэщIэкIхэм нэмыщI, мыхьэнэшхуэ иIэу къызолъытэ тхыдэми гулъытэ хэха зэрыхуащIыр. Ар икъукIэ сэбэп къахуохъу ныбжьыщIэхэм [illegible].

Абы и напэкIуэцIхэр зыхуэгъэзахэм [illegible].

МЕР Светланэ.
Нарткъалэ.

Ди газетыр къыфIэрыхьэну фыхуейм

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и етIуанэ илъэсныкъуэм газетхэм, журналхэм зэ тедзэныр зэрекIуэкIыр.

Илъэс ныкъуэм газетым и уасэщ сом 356-рэ кIэпейкIи 10-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексыр 51531

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Іуэху

Пэжымрэ пцІымрэ

● Щэхуэр нахуэ къохъу

Хэку зауэшхуэм теухуа фильмхэр куэдым гунэс ящохьу, ахэр пэжыгъэ нэскІэ гъэщІауэ кьафІэщІу. ЗэрыгуфІуэгъуэщи, пэжыр я Іьаджэщ фильм куэдым. Ауэ пцІыкІэ «гъэщІэрэщІахэри» мащІэкьым. Ди эзэманым «щэху» псалъэр дэфтэр зыкьомым трахыж. Абы кьыхэкІыу нахуэ кьохъу къэралым и архивхэм щахъумэ тхылъхэр, суэртхэр, нэхъапэхэм «зэхуэщІауэ» щытахэр.

Сопсалъэ УФ-м и ХьумапІэ фондхэр зыІэщІэлъ, генерал-лейтенант Христофоров Василий.

- Уэ фІыуэ з ушыгъуаэзщ зауэ зэманым НКВД-м, СМЕРШ гупхэм, тІасхъэщІэххэм ягъэхъакъэ. Иджыблагъэ телевизоркІэ ягъэльэгъуащ «Апостол» сериалыр. Абы зи гугъу ищІхэм тхыдэм и къэхъуджъхэм щаІэу пІэрэ льаджьэ гуэркъэ?

- Щаіэщ. Куэдым кьафІощ мы фильмым и «Іасхьапіэр фІыуэ ягъэсаديرسيه гуэкІ лэжьакІуэжь» жыхуаІэхэр зэрыхэтрауэ. Дэфтэрхэр щыхьэт тохьуэ апхуэдэ къэхъуГъэхэр зэрыщыІам.

Кьэсхьынщ зы щапхъэ. 1941 гъэм и щышхьэжьыпуэгъуэ мазэхэм Смоленск и Іэгъуэблагъэхэм «щылэжьаш» тІасхъэщІэх гуп цІыкІу, цІыхуищ хьуу, зы унагъэ уэм щыщу, зау эм екІуэлІапІэншэ ищІахэм ящыщу фэ зытрагъэуауэ. Абыхэм яхэттэкъым фочыр зыгъэуэфэ. Аіэ-мыщэкІэ щызеуэ цІыху кьуелісыхэм зыхагъэпшахьуэурэ, мазитІкІэ бийм и зэхуэсыпІэхэр щІапщытыкІаш, мыхьэнэшхуэ зиІэ хьыбарэхэр радиостанцкІэ Москва щыІэ я унафэщІэхэм хуагъэхьащ.

- А тІасхъэщІэххэм я Іуэхуэхэр дауэрэ кьекІуэ-

● КІэщІ дыдэу

Ипщэ щІыналъэм щыхъыбархэр

★ УФ-м и МЧС-м и Іэщіагъэлпіхэр тогуэзвыкь Дагьыстэныи, Астрахъан, Ставрополь областхэм я щІыналъэ щхьэхуэхэм мащІэ джэдыкІэ цІыкІуэхэр куэду кьІэзэрыщагъуэтам, гъэкІуэмм хуэдиу, а щІыпІэхэр мы гъэми мащІэхэм «яуэхъэнщІынкІэ» зэрыхъунум. Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрствэм и Іэщіагъэлпіхэм ягъэхьэзыращ, хуэй хьумэ, кьагъэсэбэлпіхъэ хущхъуэхэр. ★ Шэшэным и кьалащхьэм и кьуэкІыпІэ льэныкъуэмкІэ щыІэ хьэблэм щаухуэнущ блэкІа лІэщІыгъуэм и щэщІ-плІыщІ гъэхэм кьэрал унафэщІхэм я жэрдэмкІэ зыззыбгъуауэ щыта политикэ залымыгъэ иным хэкІуэдахэм я фэеплъ. Грознэм и администрацэм и Іэтащхьэ Хучиев Мусльим зэрыжиІамкІэ, фэеплъым иубыдынущ щІыіуэ метр зэбгъуэзнатІэ миниш хуэдиз.

★ Краснодар зэи хуэмыдэжу псэупІэ унэ куэд щащхуэ иужьрей илъэсхэм. Накьыгъэм и кІэхэм мы кьалэм фэтэрыщІэхэм щыщІагъэТІысхьащ унагъуэ щІ ищІу.

Дыззэрит илъэсым кьриубыдэу апхуэдэ гуфІэгъуэ дауэдапщэхэм хэтынущ щІыку миным щІигъу.

★ Пятигорск кьыщаубыдащ Азербайджаным кьикІа, афиянкІэ сату зыщІ щІыхубзыр, гашишу килограмм 14 кьызыкьуахар. Абы зэрыжиІамкІэ, щхъухь бзаджэр кьызидкІар Иранырщ. НэхъапэгуэкІи Минводкьалэм хабзэхъумэхэм кьащІэрэхьат апхуэдэ «сатуущІэ». Абы кьыкІуэхат гашишу килограммибл.

★ «Тэрч» футбол командэм и тренер нэхъыщІхьэу щыта Назаренко Леонид и пІэкІэ а кьулыкьум парагъэуващ Гроэный Вячеслав. Москва и «Спартакыр» зыгъасэхэм яхэтар, 1998 гъэм Болгариием и футбол Іэщіагъэлі нэхъыфІхэм хальітэгьар.

«Северный Кавказ» газет.

НапэкІуэцІыр зыгъэхъэзырар ТХЬЭМОКЪУЭ Барэсбийщ.

Пэжымрэ пцІымрэ

● Щэхуэр нахуэ къохъу

Чубайс жпІэу зэхэсхащ УФ-м и РАО ЕС-м и лэжьыгъэм зэрыхъыныгъэхэр зэлъхъэныр зэфІигъэкІа пэ-ужь, пенсэм кІуэну. И пыбжьыр ильэс 53-рэ фІэкІа зэрымыхъуар кьэпльытэмэ, гурыІуэгъэкьым абы пенсэ кьыхэрихьыныр. Сыт хуэдэ хэкІыпІ Чубайс зыщыгуІыр?

ГОЛИКОВ Р., *Воронеж.* Москва щыІэ кьэралыгъэ юридическэ академием и доцент **Кобзевэ Светланэ** жеІэ:

- Кьэрал хабзэхэм кьызэрагъэувыжкІэ, Урысейм и цІыхухьхуэр пенсэм кІэу щыхьунур я ныбжьыр ильэс хьщІ ирикъуа нэхъыщІ. А пІалъэм нэхърэ нэхъ пасэу загъэпсэхуну гІысыжь хьунущ ныкъуэдыкъуэхэмрэ зэжьыгъэ хьэтъ дыдэхэм прыгъэмрэ. Ауэ абы щыгъуэми ильэс тІощІ нэхърэ мы нэхъ мащІэ страховой стаж уиЭн, лэжьыгъэ гугъуми (щІы щІагъ шахтэм е «цех пштыр» жьыхуаІэм) ильэсипщІкІэ е нэхъыбэкІэ упрыгъагъэ щытын хуейщ. Нэхъапэхэм СССР-м щыІащ союз, республикэ мыхьэнэ зиІэ персональнэ пенсэхэр. Урысейм ахэр игъэкІуэдыжащ. Араши, Чубайс Анатолий узынщэмэ, и ныбжьыр ильэс 53-рэ фІэкІа мыхъумэ, къэрал пенсэ кьратынкІэ Іэмал иІэкъым.

Хъыбарыш Іэхэм хэту радиокІэ кьаташ Чукоткэм и губернатор Абрамович Роман тоннель зэрыщІатІыкІ Іэмэпсымэ, доллар мелуаншІэ и часу, Германием щрагъэщІыну хэту, Сыт ар олигархым зэрыщІынур? Хэмэ къэралри аргуэру дэІэпыкъуэгъу щхьэ кьыщІа?

МАСЛОВ А., *Москва* Минтрасым кьызэрыщІэджаІэмкІэ, тоннель зэрыщІатІыкІ машинэр («Щит» жьыхуаІэр) Абрамович хъэзыр хуащІынущ илъэситІ нэхъ дэмыкІыу. Нэмыщі металлургэр Роман кьыщІыхихар и зэфІэкІкІэ а компанием дуней псом зэрыщыІэрыІуэщ. Ди жагъуэ зэрыхьунщи, Урысейм абы и лъэныкъуэкІэ щытхъуфІ иІэ-

● УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

Чубайс пенсэм кІуэрэ?

кьым, Жылагъуэ палатэм щІыпІэ самоуправленэмкІэ и комиссэм и унафэщІ Давыдов Леонид къызэрилытамкІэ, тоннелэхэр кьалэныгъэ хуэдым щаухуэ, абы трагъэкІуэжащ. Абрамович «къуальэпхъэщэ бизнесыр, щэч хэмылъу, щІэущІэщхуэ зиІэнущ, фейдэшхуэ кьызыпэкІуэнущ.

Редакцэм кьыбгъэдкІыу: ЖыпІэнуракъэ, и кьулеигъэхэр Абрамович дяпэкІэ кьызыхихынур щІыдагъэзэкьым, ди кьэралым и бюджетырщ, цІыхубзм и «жьыпм» кьрах налогэхэр. Мыхьэмыщагъэшэ мелардыбжэм и ахъшэр хамэ кьэралхэм «зэрыщрикъухьри». Мылъкуэхуэ зыбгъэдэлъхэр зэкъуэурэ тоннелэ зэрыщІатІыкІ Іэмэпсымэхэр дагъэунэшу зыгъэхъэзыр компание кьызэрагъэпэщамэ, кьэпльытэ хэмут абыхэм ди кьэралым кьыхуэщхьэпэн Іуэхуфі ялэжьауэ. АрщхьэкІэ тІыагъур игъэущІщ: бенжкэхэр зыхущІэкъур нэхъ бе иж зэрыхьунырщ.

Си сабийм АКД-мкІэ (дифтерие, коклюш, столбняк узыфэхэм ящыхьумэнымкІэ) сэбэн кьыхуэхъупхъэ мастэр хезгъэЗуну сызыхуэкІуа дохутырыр-педиатрым кьыхуэгъэуващ ахъшэу сом 2100-рэ естын хуейуэ. Ар дау? Сабийхэм мастэ кьралым щІэшэу щыхьмыкІуэ ара?

ГОЛУБЕНКО В., *Ставрополь*

УпщІэм жэуап кьрет Ставрополь кьалэ поликлиникэ №3-м и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ **Цай Светланэ**:

- Сабийхэм пщІэ щІэныгъэ хебгъалтьхъэ хъунущ ди кьэралым щащІа хущхъуэхэр, ди жагъуэ зэрыхъунщи, ныкъусаныгъэ гуэрхэр зиІэхэр. ЗэкІэ нэхъыфІыр Бельгием щагъэхьэзыра хущхъуэхэрщ. Ахэр хебгъэлъхьэнуэ, ахъшэ (сом 2100-рэ) птын хуейщ. Уэзыхэр кьыхэпх хъунущ. Дохутырыр хуиткъым хамэ кьэралхэм кьраша хущхъуэхэр кьэпщэхунымкІэ ухигъэзыхьыну.

Сэри си щхьэгъуэзмрэ лыхуейщ пэшиш хъу ди фэтэрыр ди щхьэрилъхъ нэхьыжьым щІэнну кьыхуэдгъэнэну. Ар дауэ зэрытщІынур?

РАЗВАНОВ Я., *Къэзан.*

Уэсятыр вгъэхьэзыру нотариусым и мыхьуркІэ «вгъэбыдэжьи» хуейщ. Ауэ фщІапхъэщ мыри: хабзэм ипкъ иткІэ фи фэтэрщ.Іыыгъэзэнну нэхъ зыхуэфащэ кьыкъуэкІынкІэ хущхъуэ, зыщыпсэуни имыІэу, мылъкуи бгъэдэмылъу, Іыхьылъгъэкіи бгъэдэу кьыфІыщІащэ. Уэсятыр зэхэфІхъъами, хабзэм кьызэригъэувымкІэ, Іыхьлыр дэуэгъу кьыхуэхьуу, фэтэрыи и зэхуэдитІыи нэхърэ мынэхъ мащІэр фи пхъурылъхум Іэщіыгъэкіынкіэ хъунущ. ЩІэнным хэлъынкІи мэхъу «Іэмал зимыІэ Іыхъэ» («объязательная доля») жьхуаІэр. Фэтэрыр зэрыщІу фи пхъурылъхумлъыбгъэсыну фыхуеІмэ, фІыуэ фегупсыси, хэкІыпІэ тэмэмэр фыубзыху.

● Куржы-абхъаз зэхущытыкІэхэр

Сыт гъущІ гъуэгум кърикІуэнур?

Абхъазым и гъущІ гъуэгуэр зэфІагъэувэжыну я мураду, а щІыпІэм кІуащ Урысейм и Іэщіагъэлу, гъущІ гъуэгум и лэжьакІуэу 400 хуэдиз. А Іуэхум ущыгуфІыкІыпхъэщ, щІыбгъэм и сэбэп зыхэлъщи. Ауэ Куржым и унафэщІхэм жаІэр нэгъуэщІщ. Абыхэм ди кьэралым «агрессор» псалъэ мыхъумыщІэр кьрапэсурэ, іей куэд кьапсэлъ, ди зэхущытыкІэхэр нэхъри зэщІагъаплъэ.

ИлЪЭСИПЩІ хьуаУ абхъазхэр мэлъаІуэ я щІыналъэм щыІэ, куржы-абхъаз зауэм щыгъуэ зэхэкъута хьуа гъущІ гъуэгуэхэр зэфІэгъэувэжыныкІэ Урысейр дэІэпыкъуну. Шэч хэмылъу, мыхьэнэшхуэ иІэнущ гъущІ гъуэгуэхэр «лажьэу» егъэжьэжьыным. Ар зыкъомкІэ сэбэп хуэхьунут куржыхэмрэ абхъазхэмрэ я зэпыщІэнгъэхэр гъэбыдэныным.

Ауэ Куржым и унафэщІхэм кьалъытэ Урысейр зыхущІэкъур Абхъазымрэ Осетие Инщэмрэ зэриубыдынрауэ, зэфІэгъэувэжа хъуа гъущІ гъуэгуэмкІэ мы щІыпІэм урысыдзэхэр, Іэщэфащэхэр кьэкІуэну.

- Урысейм илъэкъэр дунейпсо хабзэхэм езэгъыкьым, - жеІэ Куржым и правительствэщІэм кьулыкъушхуэ щІызубыдынкІэ гупэ Іутеліе. - Апхуэдэ хабзэмкІэ зи еттыфынущ жэуап гуащІэ.

Кутеліе кьыдожьу, щытыкІэр зэрызэщІэплъэм тегуэзвыхь хуэдэу зещІ Куржым хамэ кьэралыгъэ и министрым и кьуэдзэ Вашадзе. Абыи тхьэ щІелъэж Урысейм Абхъазымрэ Осетие Инщэмрэ зыІэщІилъхьэу щІидзаеу, а Іуэхур икІэщІыпІэкІэ кьэзэтеГъэувыІэпхъэу.

Урысейр зыгъэжикІэ псалъэмакъэхэр яІуатэ США-м и политикэ лэжьакІуэ я зэныкъуэхэми. Абыхэм «къахожаныкІ» Госдепартаментым и лІыкІуэ Макромак Шон. Абыи кьелъытэ Урысейр Абхъазым зэрыдэлэпкъыр мыхъумыщІагъэшхуэу, мы щІыпІэм мамырыгъэ щыізэтеувэжыныным ину зэран хуэхъуу.

ІАШВИЛИ Александр, ИНОЗЕМЦЕВ Петр. *«Известия».*

● Мыгъуагъэ

«Хьэрычэтыщ Іэ» гущІэгъуншэхэр

Фадафэхэр ди кьэралым кьуэд дыдэ щыхьащ нужьрей илъэсхэм.

ДАГЬЫСТЭНЫР кьапщтэмэ, абыхэм я бжьыгъэр щыхэкъуащ... куэдрэ 12-кІэ! Мединиум щІэныгъэхэм зэрыгъэмыкІэ, 1915 гъэм Урысей кьэралыгъэшхуэм «фадафэм игъэсымаджэжу щытар» зэрыщыхьэр 911-рэ кьудейт. 2006 гъэм Дагьыстан медицинэ Іуэхущ Іапіэхэм щатха фадафэ сымаджэжри минищІым щІегъу.

Абыхэм я нэхъыбапІэр (процент 80-м щІигъуу) цІыхухьщ, я Іыхь щанэр зи кьару иІыгъэущ, іэжьэну зыхуэзэфІэкІыну защІщ. Сыт апхуэдэ щытыкІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр? Фадафэр щыщІаху заводхэр дэтхэнэ жылагъуэми зрыдэтырщ. А заводхэр зыІэщІэлъхэр бей хъуащ, мыпхьу нэхъыбэж зэрызы-

● Мыгъуагъэ

Китайр бэлыхь Іэджэм хэтщ ящхьрей илъэсым. Уэ зэрыщІалъэ, зэрыльэгъэрей щыщхьэпхэр, кьыщыхьхуащ, щІыри щыхьейри, щІыху куэд хэкІуащ. Сыту пІэрэ а мыгъуагъэ псори кьызыхэкІар, Тхьэм и цейр Китайм кьыщІыщыхуар?

Санкт-Петербург щыпсэу еджагъэшхуэ, илъэс 15 хьауэ кьэхъугъэ мыщхьэпэхэм ятеуха Іуэхугъуэхэр зыдж **Захаров Александр** кьытхуиІуэтэхэм фыщыдгъэгъуэзэнщ:

- КІапсэр и псыгъуапІэм (пІасхъапІэм) деж щызэпоч, жаІэ. Ардыдпр хэлъщ щІы-щІэ ущхьхьугъэхэм я щхьэсыгъуэхэм. Сэ хьисэп кьызэрыщІамкІэ, накьыгъэм и 14 - 21 махуэхэр щынагъуэу кьыщІэкІын хуэят и пІалъэм и гъэм. Абы щІэныгъэ Іэджэ: Мьянмэ борэнщхьуэр («цунами» жьхуаІэр) кьызэреуар, Хабаровск крайм мафІэс Іэджэ кьызэрыщІыхьар, Китайм щІыр зэрыщыхьеяр, нэ-гъуэщІэкІэ. ЗэрыхуэзгъэфащэмкІэ, мэкъэрауэгъуэм и япэрей Іыхьэ ныкъуэри кьэралязыныкъуэхэм яхуэфІныкъым. Быдзу жьеІэфынущ Олимпиадэр Китайм щыщІыкІынущ зэманри мы кьэралым мамыру, гуэзвэгъуэнщэу кьаБзэгъэкІэ дэбгъуэн щымыІэу. Мы щІыпІэр кьуэвдщ псы хущхъуэзэмкІэ, гуэл, псыежэх мыинхэмкІэ, жыг хадэхэмкІэ.

Анапэ дыгъэпсыр щытепщэ кьалэщ. Тенджыз Іуфэм, пшахьуэу кьабзэгъэкІэ щыпІэрыхьэтым, километр 42-рэ и кІыхьагъщ. Кьалэр щІыху кІуапІэщ. Зызыгъэпсэхуэм куэдрэ яхэтщ гуп-гупхуэ, унагъуэ-унагъуэурэ кьэкІуэхэри. Зызыгъэхъужкъэм Іэмал псори яІэщ ятІэ хущхъуэхэр, псы пщтырхэр зрахьапІэщ.

Сочэ (Сошэ) зыгъэпсэхупІэ псоми (тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм Іутхэм) кьахольдыкІ и теплъэкІи, и щІыуэпсэ къуеіигъэхэмкІи. Мы зыгъэпсэхупІэр щІыху куэдым я хэщІапІэщ. Кьалэм дэтщ дендрарий гуэзджэ - ар ялытэ кьэкІыгъэзэрэ псэущхьэу дунейм тет куэдым зихуэдэ щымыІэ я музейуэ. 2014 гъэм мы щІыпІэм щекІуэкІыщащ щымахуэ Олимпиадэр. Дэнэкіи къэплъыхь: уи нэм «кьыфІонэ» телъыджэ гуэр - гъунэжщ бгы тхьцІэ дахэхэр, мы-лыплъэхэр, гуэмэхэр, псыежэхэр, мэз Іувэр.

ТІуапсэ кьхъуь тедзапІэщ, предприятэ зэмылІэужьы-гъуэхэр щыкъуэд кьалэщ. Абы псымыежьжьэу щІэщІ Новомихайловскэ, Ольгинкэ, Лермонтовэ, Жьыбгъэ зыгъэпсэхупІэхэр. Мы щІыпІэхэмри щащІэкъым нэгуэгъэужьыпІэхэр. Псом хуэмыдэу щыкъуэдиж испы унэхэр, илъэс минитІ-щыхуэдизкІэ уэзэбзабжьмэ я ихуа-хэр. Абыхэм ящыщу нэхъ пІащэ дыдэр Псынэкъуэ Іуащхьэм тращІыхьарщ.

ГАЛИЦКИХ Олег, КАРАСЕВ Иван, КОВАЛЕВСКЭ Екатеринэ. *«Российская газета».*

● ПщІэну щхьэпэщ

Кубаным и зыгъэпсэхупІэхэм

Геленджик (Хьэфыщіей) щхьэантІагъэм щІихьэмэ кьалэщ. Уэрамхэм, жыг хадэхэм щыбольагъу нэгъуэщІ щыпІэхэм щымыІэ кьэкІыгъэ хьэлэмэтхэр. Мы щІыпІэсэхупІэм кьеГэбыдпІащ Жжьхьэуэт, Гринкэ, Прасковеевкэ, Дивноморск, Кабардинкэ поселкэхэр. Мы щІыпІэм щІэхъІыкьыкІэ щащІагъэкІуэ концертхэр, суэрт зэхьэзэхуэхэр, суэртгъэлъагъуэхэр. Санаторэу Геленджик дэтщ 129-рэ. Ахэр теплъафІэщ, зыхуэфІну псоми кьызэгъэпэщащ. Зызыгъэпсэхуэм мы гъэм щІэуэ ялъагъунущ адыгэ кьуажэм иІэу щыта теплъэр уи нэгум кьыщІэзыгъэзэхэ планэпэ, «Къэзакъ заставэ», «Бжьэ» зыфІащэ музейхэр, жыг хадэ тельыджэ, бгъэщащІэ хьэлэмэт, щІым хьыщІэх фІыгъуэхэм ящыщ куэдыр щІэлъ, гъэщІэгъуэн.

«Псынэпс Пштыр» («Горячий Ключ») Краснодар зэрыпІэщІэр километр 60 кьудейщ, кьалэ дахэ цІыкІущ, кьабзагъэкІэ дэбгъэн щымыІэу. Мы щІыпІэр кьуэвдщ псы хущхъуэзэмкІэ, гуэл, псыежэх мшинхэмкІэ, жыг хадэхэмкІэ.

Анапэ дыгъэпсыр щытепщэ кьалэщ. Тенджыз Іуфэм, пшахьуэу кьабзэгъэкІэ щыпІэрыхьэтым, километр 42-рэ и кІыхьагъщ. Кьалэр щІыху кІуапІэщ. Зызыгъэпсэхуэм куэдрэ яхэтщ гуп-гупхуэ, унагъуэ-унагъуэурэ кьэкІуэхэри. Зызыгъэхъужкъэм Іэмал псори яІэщ ятІэ хущхъуэхэр, псы пщтырхэр зрахьапІэщ.

Сочэ (Сошэ) зыгъэпсэхупІэ псоми (тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм Іутхэм) кьахольдыкІ и теплъэкІи, и щІыуэпсэ къуеіигъэхэмкІи. Мы зыгъэпсэхупІэр щІыху куэдым я хэщІапІэщ. Кьалэм дэтщ дендрарий гуэзджэ - ар ялытэ кьэкІыгъэзэрэ псэущхьэу дунейм тет куэдым зихуэдэ щымыІэ я музейуэ. 2014 гъэм мы щІыпІэм щекІуэкІыщащ щымахуэ Олимпиадэр. Дэнэкіи къэплъыхь: уи нэм «кьыфІонэ» телъыджэ гуэр - гъунэжщ бгы тхьцІэ дахэхэр, мы-лыплъэхэр, гуэмэхэр, псыежэхэр, мэз Іувэр.

ТІуапсэ кьхъуь тедзапІэщ, предприятэ зэмылІэужьы-гъуэхэр щыкъуэд кьалэщ. Абы псымыежьжьэу щІэщІ Новомихайловскэ, Ольгинкэ, Лермонтовэ, Жьыбгъэ зыгъэпсэхупІэхэр. Мы щІыпІэхэмри щащІэкъым нэгуэгъэужьыпІэхэр. Псом хуэмыдэу щыкъуэдиж испы унэхэр, илъэс минитІ-щыхуэдизкІэ уэзэбзабжьмэ я ихуа-хэр. Абыхэм ящыщу нэхъ пІащэ дыдэр Псынэкъуэ Іуащхьэм тращІыхьарщ.

ГАЛИЦКИХ Олег, КАРАСЕВ Иван, КОВАЛЕВСКЭ Екатеринэ. *«Российская газета».*

● Гъуаздж

Нью-Йорк къалэм концертышхуэ щитащ Урысейм и Къэрал академическэ симфоние оркестрым, Светланов Евгений и цІэр зезыхьэм. Музыкэр фІыуэ зыльагъу американхэм псом хуэмыдэу гъэщІэгъуэн къащыхьащ пианист гъуэзэджэ Мацуев Денис *(аращ сурэтым щытлъагъур)* **Іэзагъэшхуэ хэлъу игъэзэщІа классикэ произведенэхэр.**

«Эхо планеты» журналым къитхыжащ.

● Бзыльхъугъэр зыгъэдахэр

УнафэщІышхуэхэм я щхьэгъусэхэр

Сыт хуэдэу щытын хуей къэралым и унафэщІхэм и щхьэгъусэхэр? И Іыхьэ щэщІхэр щхьэгъусэхэрщ, і горбачевэ Раисэ хуэдэу? Е унэрысу, щІыхуэм яхэмыхьащІу псэун хуей. Ельцинэ Наинэ ещхьу? Хьэмэрэ Филиппинхэм я Іэтащхьэу щыта Маркос и щхьэгъусэ Имельдэ щапхъэ кьытрахьыпхъэ?

КІэщІ дыдэу фыщыдгъэгъуэзэнщ къэрал унафэщІышхуэ зыбжанэм я щхьэгъусэхэм я щІэныгъэр, зэфІэкІыр, хьэл-щэнхэр зыхуэдамрэ зыхуэдэмрэ.

Ельцинэ Наинэ кьиухат Уралым щыІэ политехникэ институтым и уэхуакІуэ факультетыр. Уэрэсыст. Ауэ зэман-зэманкІэ сымаджэщхэм, сабийхэм щапІ унэхэм, лІыжь-фІызыжьхэр щаІыгъ Іуэхущапіэхэм кІуэрт, абыхэм мылькукІэ защІигъакІуэрт. Политикэм хэІэбэртэкъым. ЗэрыхуэзфІэкІкІэ и щхьэгъусэм и тэмакъкІэщІагъэр «щІихьумэрт».

Горбачевэ Раисэ Москва дэт къэрал университетым и философие факультетыр кьиухат, философие щІэныгъэхэм я кандидатт. Жьдж Ж р у я хэтащ «перестройкэ» жьхуаІэр кьезыхьэжьахэм. Зэманым екІуу, «моднэу» зих уэпэну фІэфІт. Кремлым щІлажьэхэм жаІэрт СССР-м и япэрей нкІи нужьрей президент Горбачев Михаил, и щхьэгъусэм емыгнджэщагъу, зы унафи нщІыфу щымытауэ.

Брежневэ Викторие зыщещжар медицинэ техник умт. ТэмакъкІыхьт, зэпІэ ззэрытт. ДыщэмкІэ цІыугъэнэхэр зыкІэрагъэхьэнущ фІэфІт жьым. И лІым и ГъусэУ хамэ кьэралхэм кІуэртжьым. У нэрыст. Ауэ, куэдым кьыззэралытэмкІэ, а бзылъхугъэ щыпкъэрац СССР-м и генсекэлу щытам «Леонид Ильич льапІэкІэ» кьеджэ ззэрыхуэр зи фІы-

щІэр.

Хрущевэ Нинэ кьиухат Крупскэм и цІэр зезыхьэу щыта Коммунист академием. И Іэщіагъэкіэ экономистт. Нэхъ зыжьэ ззэрыгъэфІэнырт. Іу эхум щыгъуазэ хэм зэрыжаІэжьымкІэ, абы жьэдэу зи щхьэгъусэр ІэфІу, ерыскьы зэмылІэужьыгъэкІэ гъэшхэным ешгъэуу щытта Совет Союзым иса уплъагъэщхэм яхэтакъым. И лІым и Іэхуэхэм зи Іэбакъым.

Путинэ Людмилэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щыІэзэрыгъэгъуэгъэщ Санкт-Петербург дэт къэрал университетым. И Іэщіагъэкіэ фильологщ. Урысыбзэм зегъэужьыным телажьэ Центр къызэрыгъэпэщащ.Урысыбзэр джыным теухуа зэхуэсхэм я лэжьыгъэм жыджэру хэтщ. Политикэ Іуэхущхьэхэм зыкъэрыкьым.

Медведевэ Светланэ Санкт-Петербург дэт финанс-экономикэ институтыр кьиухащ, илъэс зыбжанэкІэ (бын зригъэгъуэтыхункІэ) экономисту лэжьащ. Иужьрей зэманым Урыс православнэ члиСм и жьауэм щІэ ту сабий зеиншэм ядоІэпыкъу. Гулытэ хэха яІуеІ Санкт-Петербург дэт и интернатым щащытхъэм. Щыгъын дахэхэр, модельер щІэ-

● ПщІэну щхьэпэщ

Кубаным и зыгъэпсэхупІэхэм

Геленджик (Хьэфыщіей) щхьэантІагъэм щІихьэмэ кьалэщ. Уэрамхэм, жыг хадэхэм щыбольагъу нэгъуэщІ щыпІэхэм щымыІэ кьэкІыгъэ хьэлэмэтхэр. Мы щІыпІэсэхупІэм кьеГэбыдпІащ Жжьхьэуэт, Гринкэ, Прасковеевкэ, Дивноморск, Кабардинкэ поселкэхэр. Мы щІыпІэм щІэхъІыкьыкІэ щащІагъэкІуэ концертхэр, суэрт зэхьэзэхуэхэр, суэртгъэлъагъуэхэр. Санаторэу Геленджик дэтщ 129-рэ. Ахэр теплъафІэщ, зыхуэфІну псоми кьызэгъэпэщащ. Зызыгъэпсэхуэм мы гъэм щІэуэ ялъагъунущ адыгэ кьуажэм иІэу щыта теплъэр уи нэгум кьыщІэзыгъэзэхэ планэпэ, «Къэзакъ заставэ», «Бжьэ» зыфІащэ музейхэр, жыг хадэ тельыджэ, бгъэщащІэ хьэлэмэт, щІым хьыщІэх фІыгъуэхэм ящыщ куэдыр щІэлъ, гъэщІэгъуэн.

«Псынэпс Пштыр» («Горячий Ключ») Краснодар зэрыпІэщІэр километр 60 кьудейщ, кьалэ дахэ цІыкІущ, кьабзагъэкІэ дэбгъэн щымыІэу. Мы щІыпІэр кьуэвдщ псы хущхъуэзэмкІэ, гуэл, псыежэх мшинхэмкІэ, жыг хадэхэмкІэ.

Анапэ дыгъэпсыр щытепщэ кьалэщ. Тенджыз Іуфэм, пшахьуэу кьабзэгъэкІэ щыпІэрыхьэтым, километр 42-рэ и кІыхьагъщ. Кьалэр щІыху кІуапІэщ. Зызыгъэпсэхуэм куэдрэ яхэтщ гуп-гупхуэ, унагъуэ-унагъуэурэ кьэкІуэхэри. Зызыгъэхъужкъэм Іэмал псори яІэщ ятІэ хущхъуэхэр, псы пщтырхэр зрахьапІэщ.

Сочэ (Сошэ) зыгъэпсэхупІэ псоми (тенджыз ФІыцІэм и Іуфэм Іутхэм) кьахольдыкІ и теплъэкІи, и щІыуэпсэ къуеіигъэхэмкІи. Мы зыгъэпсэхупІэр щІыху куэдым я хэщІапІэщ. Кьалэм дэтщ дендрарий гуэзджэ - ар ялытэ кьэкІыгъэзэрэ псэущхьэу дунейм тет куэдым зихуэдэ щымыІэ я музейуэ. 2014 гъэм мы щІыпІэм щекІуэкІыщащ щымахуэ Олимпиадэр. Дэнэкіи къэплъыхь: уи нэм «кьыфІонэ» телъыджэ гуэр - гъунэжщ бгы тхьцІэ дахэхэр, мы-лыплъэхэр, гуэмэхэр, псыежэхэр, мэз Іувэр.

ТІуапсэ кьхъуь тедзапІэщ, предприятэ зэмылІэужьы-гъуэхэр щыкъуэд кьалэщ. Абы псымыежьжьэу щІэщІ Новомихайловскэ, Ольгинкэ, Лермонтовэ, Жьыбгъэ зыгъэпсэхупІэхэр. Мы щІыпІэхэмри щащІэкъым нэгуэгъэужьыпІэхэр. Псом хуэмыдэу щыкъуэдиж испы унэхэр, илъэс минитІ-щыхуэдизкІэ уэзэбзабжьмэ я ихуа-хэр. Абыхэм ящыщу нэхъ пІащэ дыдэр Псынэкъуэ Іуащхьэм тращІыхьарщ.

ГАЛИЦКИХ Олег, КАРАСЕВ Иван, КОВАЛЕВСКЭ Екатеринэ. *«Российская газета».*

ЗОТОВ Георгий. *«Аргументы и факты».*

Тхыгъэр адыгэбзэкІэ зэзыдзэкІар **ДЫШЭКІ Сонящ.**

МЭЛБАХЪУЭ Елберд

Лъэпкъ лIыхъужь ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ

«Iуащхьэмахуэ кIуэ гъуэгур шынагъуэт» романым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэлъыкIуэр. ПэщIэдзэр №№115-116-хэм итщ).

Щоджэныкъуэми адрей уэркъхэми ялъэкIакъым пщышхуэм пэувын. Абыхэм кIэщIу, ауэ ткIийуэ жаIащ иджыпстуупцIэ шым шэсу гъуэгу техьэну зэрыхьэзырыр. Нэщхъейуэ, ауэ губжьауэ къилыдыкI и нитIыр ХьэтIохъущокъуэм и бысымым триубыдащ.

Хьэнэф щыму, зы псалъи зэрыдимыгъэхуным хущIэкъуу пщым жиIэхэм едэIуащ, уеблэмэ и Iэпкълъэпкъыр апхуэдизкIэ шэщIати и плIэр псэ хэмытыжым ещхьу дият, ХьэтIохъущокъуэм жиIэнур иуха нэужь, Хьэнэф и щIыбагъкIэ зигъазэри, бгъуэщIэс щIалэ цIыкIум зыгуэрхэр жриIащ, адрейри занщIэу бзэхащ.

- Мыщэ жейр къыумыгъэущ, лIыгъэ зиIэр къыумыгъэгубжь, - пIейтейрти Хьэнэф и макъыр хъыршыр хъуат, иужьым зигъэпсчэуIущ, и натIэм къекIуа пщIэнтIэпс ткIуэпс пIащэхэр ирилъэщIэкIри, адэкIэ пищащ:

- Ди пщым и щхьэр уIэгъэщ. Ар псынщIэу хъужынымкIэ дэIэпыкъуэгъу дыхъунщ. Мыбдеж Кургъуокъуэ цIыху тIощI щыщIыгъущ, апхуэдиз цIыхухъу ди хьэблэми дэсщ. Ар мащIэщ. Ди гъунэгъу хьэблэми лIы пщIих е пщIибл хуэдиз къыдэкIынщ. Губгъэн къысхуумыщI, пщышхуэ, сэ абы щIалэ цIыкIур згъэжакIэщ. Джэд хадзар мывэ щIыкIэ ахэр мыбы къэсынущ.

Уэркъхэр щэныфIэу дыхьэшхащ. Уеблэмэ езы Кургъуокъуэ дыдэ и нитIри пыгуфIыкI хуэдэу хъуащ. Илъэс плIыщIым ит, лъагагъкIи жылэм къахэмыщ Хьэнэф адрей махуэхэм зи пIэм имызагъэ цIыху гумызагъэт, ар ящыщт сыт хуэдэ гугъуехьри иримыгузавэу, гушыIэу зыгъэIурыщIэм. Мис иджыпстуи тIэкIуи тегушх уауэ пигъэщхъуу, абы ХьэтIохъущокъуэм жриIэрт:

- Иджыри зы псалъэ жызгъэIэ, пщIэшхуэ зиIэ Кургъуокъуэ, ауэ ар зытеухуар нэгъуэщIщ. Сытыр дауэ мыхъуами, уэ узихьэщIэщ. НэгъуэщI мыхъуми, уи хъыбар зэгуэр зыхуэсIуэтэжыну си къуэрылъхухэм я хьэтыркIэ си шыгъупIастэм хэIэбэ. Иджыри къэс слъагъуркъым ухэIэбауэ. Пэжщ, дэ псоми Алигъуэт-пэщэм ди дзэр худолъ, ауэ абы къикIрэ гъуэгу дытехьэн и пэ къихуэу лы Iыхьэ зрыз тшхы, махъсымэ Iубыгъуэ зрыз дефэ мыхъуну?

Мыбдежым уэркъхэр ину дыхьэшхащ, Кургъуокъуи пэж дыдэу пыгуфIыкIащ:

- Хъунщ, ди бысым хьэщIафIэ, сэ уи гукъанэ къэзмыхьын хуэдэу сщIынщ. - Абы хьэ хьэлум Iэпэтез къыгуипIэскIукIщ, игъэныщкIури псы трифыхьыжащ. - Аращ. Нэхъыбэ нобэ си джий ехынукъым. Ауэ ХьэтIохъущокъуэхэ я Iуэхум уэ ХьэтIохъущокъуэм нэхърэ нэхъ псынщIэу унафэ зэрытепщIыхьар сигу дыхьащ. ЦIыхухэм яжеIэ - сэ зыри хэзгъэзыхьыркъым, щхьэж зырыфIэфIщ... - Хьэнэф гукъанэ хэлъу и щхьэр игъэкIэрэхъуащ:

- Псалъэ лей сыту тщIын? Ди цIыхухэм езыхэм армырми ар къагурыIуэнщ. ЦIыхущ ахэр, зиунагъуэрэ, дэтхэнэми дыгъужьыцIэ зэрихьэ щхьэкIэ...

ХьэщIэщым къыщIахьащ мэлыл гъэжьа зыфIэлъ дей дзасэ IэплIакIуэ - тэтэр мырзэхэм зыхалъхьэ щымыIэ шхыныгъуэр, тыркухэр «шашлыккIэ» зэджэр.

- Зи щIыхьыр инхэ, зи хьэщIагъэр си нэ, си псэ!.. Си гуапэ къэфщI - ерыскъым фыхэIэбэ! - мэлъаIуэ Хьэнэф. - ИIэг, кхъыIэ, пщтыр щIыкIэ фшхыт, сэ гукъанэ къысхуэвмыщI, зы меданкIэ сыщIэмыкIыу хъунукъым: ди гъунэгъу жылэм къикI Iуэхуншэхэр къегъэблэгъэн хуейщ. Я шы лъэ макъ къоIу.

Хьэнэф щIэкIа нэужь, мащIэу зиIэжьэри, ХьэтIохъущокъуэри къэтэджыжащ.

- Дэри зэрызыдгъэпсэхуар хъунщ, - абы и набдзэ къуршитI зэхуакум лэдэх куу ирикIуащ. - Фэ псоми псалъэ фтгащ зэгъусэу дызэ дежьэну. Ауэ зыщывмыгъэгъупщэ - гъуэгум тезыIуэнтIыкIым зэрихьэнур лIым и пыIэркъым, атIэ къэрабгъэхэм я жэщ пыIэ фIыцIэрщ. Фыарэзы?

Дауэ арэзы умыхъунрэт?..

* * *

ЖЭЩЫР даущыншэрэ мамыру ирихьэлIат. Вагъуэхэр нуру блэрт, мазэм и хъуреягъым дыхьэрэн къешэкIа хуэдэт.

Зы мардэм тет ущ шэщIакIэ ХьэтIохъущокъуэм и гупыр гъуэгу нэхъ кIэщIкIэ сераскирым и егъэзыпIэм ху экIуэрт. Абы гъунэгъу щыхуэхъум, Кургъуокъуэ унафэ ищIащ, гу къылъамытэу щэхуу бгъэдыхьэн папщIэ, лъэбакъуэ защIыну.

А зэман дыдэм Щоджэныкъуэр гузэвэгъуэ щIыIэр телъу егупсысырт ищIэнур зищIысым. Емынэм ирихын хьэблэжь цIыкIум кърищIэкIыу Алигъуэт деж и цIыху къигъэкIуэн абы хузэфIэкIакъым. Дауи шу а жылэм къыдэбгъэкIынт, шэч къыпхуамыщIу. БлэкIар блэкIащ, иджы икIэщIыпIэкIэ унафэ пыухыкIа гуэр къэсщтэн хуейщ. Абы щыгъуэми нах уэу. Мис арат ЦIащхьэр езыр зытеплъэ мыхъур. Ар зэсар щэхуу пыджэныр т. ПсэзэпылъхьэпIэ Iуэху хыхьэн абы ауэ сытми и жагъуэ. АрщхьэкIэ, дауэ мыхъуами, бийм я увыIэпIэм щыблэ мафIэр зэрилъагъуу, Алыджыкъуэ лъэдакъэкIэ и шым кIуэцIытIыхьри, шыщхьэмыгъазэу щIэпхъуащ, Алигъуэт-пэщэ и шэтырым хуэжэу. Здэжэм абы кIэрахъуэр дригъэуейуэрэ кIийуэ щIидзащ:

- Алигъуэт, Алигъуэ-эт, шым зедз. ПсынщIэу шым зедз!

ХьэтIохъущокъуэр зи пашэ гупыр абы кIэлъыщIэпхъуащ, гыбзэ бзаджэр хужаIэу.

Ауэ Алыджыкъуэ кIасэу хъыбар яригъэщIауэ къыщIэкIащ: къэрымхэм къэбэрдей шууейхэм зыкъыпэщIасэн яхузэфIэкIакъым. Жейбащхъуэ, захуэмыгъэхьеижу шхахэм дауи зыкъыпэщIасэфынт уафэхъуэпскIым хуэдэу къатеуа адыгэ шууейхэм! Шуудзэм бийм и курыкупсэм зыщигъэкIэрахъуэрт, и кIапитIым емылIэлIащэу, икIи тэтэрхэм шым зрадзыну Iэмал яритыртэкъым. Псом хуэмыдэу зэхэуэ гуащIэ щекIуэкIыр сераскирым и шэтырым дежт. Мыбдежым щызауэрт пщэм и щхьэхъумэхэр - зауэлI нэхъ лъэщхэр, хахуэхэр. ХьэтIохъущокъуэмрэ и дарэгъу гъунэгъухэмрэ я ебгъэрыкIуэныгъэхэр абыхэм зэтраIыгъэху, езы Алигъуэт-пэщэ, хуумыгъэфэщэн псынщIагъ хэлъу шэтырым къыщIэжри, занщIэу уанэгум зридзащ: шы лей къыздрашэкIхэм ящыщ зыр уанэ телъу ауэ сытми шэтыр щIыхьэпIэм деж щаIыгътэкъым!

Кургъуокъуэпщыр гуфIащ сераскирыр щилъагъум: алыхьым и шыкурщ, иджыпсту абы и Iэщэр пэщIигъэувэнщ емыкIуэшхуэр къезыщIа хьэбыршыбырым, ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, Алигъуэт нэгъуэщI мурадт иIэр. ЩIопщкIэ зэпихулыкIри, жэщ мазэхэм ещхьу къарэ и шыр абы хьэмкIэу хуиунэтIащ лагерыр къэзыухъуреихьхэр здынэмыса лъэныкъуэмкIэ. Абы бгъурыту кIуэрт иш ешар зэзыхъуэкIа Алыджыкъуэ ЦIащхьэри.

Пщым кIэрахъуэ хьэлъэр кърипхъуэтри, щхьэжагъуэу, яримыгъэпщэххэу якIэлъыуащ. Бетэмал, якIэлъысамэ арат, арщхьэкIэ щхьэхъумэ зырыз шы лъабжьэм къыщIозэрыхьри гъуэгу кърaтыркъым, зы мащIэкIэ угувэжмэ, уащIыкIэлъеIэжыни щыIэжкъым - жэщ пхъэрым зыри къикIыркъым.

Зи щхьэр цIэм фIашхыкIын Алыджыкъуэ дауэ ищIми кърихьэлащ кърым емынэр, иужь дыдэ дакъикъэм Хьэзрэ Iил псэхэхым и джатэ уэщхъу зымыщIэм и лъабжьэм къыщIихащ и зиусхьэн дурыдылыр.

Сераскирым и шуейхэм я махуэр лъыкIпсыкIт. Тэтэрхэм сэбэп къахуэхъуакъым гущIэгъу къахуищIыну кIийуэ алыхьымрэ адыгэхэмрэ зэрелъэIуари, я Iэщэри. А жэщым Щоджэныкъуэм щIыгъуа уэркъхэм ящыщу тIу фIэкIа пщым и гъусэу щIэпхъуэжакъым. Мыдрейхэр дзэм щIыгъуу зэрежьам хуэдэуи тэтэрхэм ятеуащ. (ИужькIэ ахэми зэкъым уафэм хэт ищIэн алыхьыра хьэмэрэ Уащхъуэ-къан - «гъуэгу пэжым» зэрытехьэжам папщIэ - фIыщIэ зэрыхуащIар).

Къэрым къикIахэр, Алигъуэт щIыгъуу щIэпхъуэжа дзэпщым къищынэмыщIа зы къэмынэу яукIат. А цIыхухэми я щIалэгъуэ дыдэм къыщыщIэдзауэ нэкурэ напIэу яIар лэжьыгъэ хьэлэлкъым, атIэ зэрыхъунщIэнщ, я гупсысэр зэтар къуентхъ къащI цIыхубзхэмрэ ерыскъы пшэррэт, армыхъумэ лIыгъэ зехьэныртэкъым, зэи егупсысыххэртэкъым нэгъуэщI къэралым и хьэкъкIэ псэуну мурад зыщIа къэралым гува-щIэхами жэуап ткIий итыжын зэрыхуейм. ХьэтIохъущокъуэм щIыгъуахэм хэщI щIагъуэ яIэтэкъым - уIэгъэ зытхухрэ яукIа закъуэмрэт.

Пщым и унафэкIэ, тэтэрхэм яшхэри Iэщэ-фащэри, дыгъуасэ Алигъуэт-пэщэм къыхуахуа Iэщри зэхэуэм хэта мэкъумэшыщIэхэм хуагуэшащ.

Ауэ зауэм къэрикIуамкIэ арэзытэкъым Кургъуокъуэ - псори зытрищIыхьыжар яIэщIэлъэтат. АрщхьэкIэ уэркъ хэмрэ мэкъумэшыщIэхэмрэ - абыхэм я псалъэм щIэдэIуырт ХьэтIохъущокъуэр - пщыр къытрагъэхьащ и пыIэр щхьэритIэгъэжыну. И напэр текIауэ зи щхьэр щIэзыхьа Алигъуэт-пэщэ и нэмысым, уардагъэм ягъуэта хэщIыныгъэр, шэч хэмылъу, инт.

И нэгур зэрынэщхъейуэ, и нэкIур зэригъалъэурэ Кургъуокъуэ и пыIэр къищтэжри зыщхьэритIэгъэжащ, и набдзэм нэс къекъухауэ.

ГъэщIэгъ уэнырати, Алыджыкъуэ и гугъу зы цIыхуми ищIыртэкъым. - Псори пэплъэрт пщышхуэм жиIэнум, ауэ зыри абы еупщIыртэкъым. Ари щымт. Е ЦIащхьэм ищIар и акъылым нэмысарэ е абы и цIэ къудей къипсэлъыну хуэмейрэ.

ЯукIа тэтэрхэм я хьэдэхэр щIалъхьэну лъхукъуэлIхэм я пщэ иралъхьэри, - пщыр и дарэгъу пэжхэр щIыгъуу унэм кIуэжыну къежьэжащ.

* * *

ПЩЭДДЖЫЖЬ дыгъэр къыщыщIэкIам, Кургъуокъуэ фIыуэ пэIэщIэ хъуакIэт «нэлат зытехуа щIыпIэм».

Шэджагъуэ нэмысыпэу ар къытрагъэхьащ шым епсыхыу зигъэпсэхуну. А гупсысэр абы и щхьэ къихьэнуи къыщIэкIынтэкъым зытес шыр пщыуэ зэгуэмыудамэ.

ХьэтIохъущокъуэр епсыхащ, псынэпс цIыкIум бгъэдыхьэри и нэкIу къэплъам псы щIыIэ Iэмыщ ItI-щы щIикIащ. ИтIанэ зыкъиIэтыжри зыхищIэ уз мащIэр и гуапэу и плIэ ухуар иукъуэдиящ икIи ихъуреягъкIэ къиплъыхьащ гурыщIэ гъэщIэгъуэн гуэрхэр зыхищIэу - къыпфIэщIынт къыщалъхуа щIыгум и дахагъ псор нобэ япэ дыдэу зэрымыщIэкIэ илъагъуу арауэ.

Аддэ жыжьэу дыгъэ къуэкIыпIэм хуэкIуэу къыщылъ алэрыбгъу щхъуантIэу, щIыпIэ-щIыпIэхэм упщIэ гъуабжэу вапIэхэр къытещу джабэ лъагэшхуэхэр зи куэд губгъуэ гъунапкъэншэр. Анэм и бгъафэм зыщIэзыукIа хьэвшыру Къущхьэхъум еуалIэу ипщэкIэ йох жыг IэплIакIуэхэр зэкIэкIа шытхыр. Къущхьэхъу шытхым и щIыIукIэ шэджагъуэ дыгъэм и хуабэм мащIэу щос зи щыгум гъэи щIыи уэс хужьыр темыкI къуршыщхьэ папцIэхэр. Ар Кавказым и къурш блын Къэбэрдеймрэ Сонэмрэ я гъунапкъэ лъагэрщ; щIымахуэ ткIиймрэ щабэмрэ я гъунапкъэрщ; Ахын къыщежьэу Хьэзэс нэс ех а гъунапкъэм гъэ къэс щхьэпрокIыж губгъуэ къазхэр. Аращ Кавказ псалъэр къэзыгъэщIари - «Къыу-Къаз» - аращ абы къикIыр.

Мыбдежыр - бгы жьэгъур - цIыхум дежкIи хьэкIэкхъуэкIэхэмрэ бзухэмрэ я дежкIи псэупIэфI дыдэщ. Гумрэ псэмрэ дыхьэ акъужь щIыIэтыIэм мыбы къехь удз зэмылIэужьыгъуэхэм, жыг хадэ бэвхэм къапих епэрымэ гуакIуэр, къурш лъагэхэм къелъэ псыхэм къахиху ткIуэпс нэрымылъагъухэр, псэ зыIут псоми ж умар ту, кIуэщI имыIэу гъащIэщIэм и жылэр езыт щIы-анэ бэшэчым и бэуэкIэ макъыншэр.

Мыжыжьэ дыдэу къыщылъ джабэ нэкIу задэм мэкъумэшыщIэхэм кърaлъэфащ зи бгъуитIым шэрхъ щIэт хьэблэ пхъэIэщэ иныр: абы зэкIэлъхьэужьу вищ-плIыи, языныкъуэхэми апхуэдиз дыдэ шыуи щыщIащIэ щыIэщ.

«ВакIуэ ихьэгъуэ дыдэщ, - йогупсыс Кургъуокъуэ. - Вэгъуэ мазэщ. Дыдейхэри нобэ дэкIыу къыщIэкIынущ. Э-эх! НтIэ мыпхуэдэщIым утелэжьыхьу упсэуныр сыт и уасэ! АрщхьэкIэ, сыт, дытрагъэпсэухьыркъым. ЯзыныкъуэкIэ дэ езы дыдэхэр цIыху хуэдэу дызэдэпсэуркъым...»

Абдежым Кургъуокъуэпщым, пщытетым, лъхукъуэлI зэрыгъэкIийхэм, Iэджэ щIауэ зыпэплъэ гъатхэ лэжьыгъэм пэрыхьа къ удей мыхъ уу, я нэхъуей текIауэ лэжьыгъэм зезыдзахэм, ефыгъуэ гурыщIэ къызэрыпкърыхьэр зыхищIащ. Жьыбгъэм ХьэтIохъущокъуэм деж къихьэсырт я макъ нэжэгужэр, къызэрылъэлъу зэрыдыхьэшхыр. Дунейм къащыфIэIуэху щымыIэ нэхъей мэдыхьэшх адыгэ мэкъумэшыщIэхэр, абы папщIэ ахэр щхьэусыгъуэ хэха гуэри хуейхэкъым! ВыщIэр мэныкъуакъуэ и пщэм бжьыр тримыгъэлъхьэну, мес зыгуэр къыпэщIэлъэда хьэм и кIэм теуващ, ар узым игъэдзыхати, зыпищI щымыIэу фIыуэ илъагъу зейм гуауэу пщIэури епхъуащ, итIанэ щIалэ зэIэщIэлъ макъейм еIуатэ я къуажэ ефэндыр и ныбэр узу нэху къыщIекIам и щхьэусыгъуэр - абдежым ахэр апхуэдизкIэ ину дыхьэшхахэти, пкIэ-лъэуэ пхъэIэщэ ужьым ит къуаргъхэр щтэри лъэтэжат.

Дауи ахэр зыгъэдыхьэшхыр, егупсысырт ХьэтIохъущокъуэр, а Iуэху жьгъейхэркъым, атIэ къохъу гуащIэу икIи гуапэу къепса гъатхэ дыгъэм и нурыр гущIэм кууэ щыхыхьэ, ягъэщэба вагъэм къэкIыну щIакхъуэм и мэ гуакIуэр къыщыхих; фIыр, гъащIэм щиIэну ехъулIэныгъэр къызэрыгуэкI махуэхэм нэхъри цIыхум нэхъ и фIэщ щыхъу махуэ...

Къэбэрдейм и адрей щIыпIэ хэми ху эдэу, мыбы вэныр дзейуэ зэгуохьэри зэдэIэпыкъ уу, зым адрейм зыщIигъакъу эу, зы Iыхьэр яухмэ, адрейм Iэпхъуэу зэфIагъэкI. Кургъуокъуэ и нэгу къыщIегъэхьэ зи щIы кIапэр япэу вэн яухар щхьэхьу къуажэм зэрежэхыжыр, къебакъ ищIын папщIэ: къуэрагъ кIыхьитIым пхъэбгъу кIэрапхэнурэ абы трагъэувэнущ пхъэм къыхэбзыкIа сурэтхэмрэ хьэпшып зэмылIэужьыгъуэ цIыкIухэмрэ. Махуэшхуэр зыгъэдахэ Iуэху нэхъыщхьэр - цIыхухъ ухэм шы къагъэжэнущ (къэзыгъэжэн зиIэм), нэщанэ еуэнущ (зэреуэн зиIэр) пхъэбгъум тет хьэпшыпхэм щыщ кърaудыхын папщIэ. ЩIалэ цIыкIу лъапцIэрыщэ Iэджэр къебакъ лъабжьэм, щхьэж лъэкI къимыгъанэу (япэм лъы къызэхурахуху) щызэныкъуэкъунущ - шынэ ямыщIэу, я щхьэм къытехуэ хьэпшып телъыджэр зыIэрагъэхьэнущ. Жэщыр х экIуэтэ ху увыIэнукъым хьэгъу элIыгъуэ нэжэгужэр, молэр къэсу мажусий къафэхэр, уджхэр, «шыпсэпсысэхэр», ажэгъафэхэр диным идэркъым жиIэу зэбгрихуну иужь ихьэху. (Лъэпкъ къафэхэр, хъуэр зэпэдзыныр, ажэ бжьакъуэрэ шыкIэ жьакIэмрэ зытет ажэгъафэр зикI динымщIэм и гум хутегъахуэркъым).

Ауэ Кургъуокъуэ и гущIэр къизыIуэнтIыкIыр нэгъуэщI гупсысэхэрщ. Пщыхэр зэхуэшэсауэ хасэ ин щIын, адэжьхэм я щIыналъэм къыщхьэщыхьа шынагъуэм тепсэлъыхьын хуейщ. КъэгъэувыIэн хуейщ лIыгъэ нэкъыфIэщIымрэ къуентхъ Iэрымылъхьэмрэ папщIэ гъуэгуанэ жыжьэ техьэн зи мурадыр. ЗэгъэкIуэжыпхъэщ зэбийхэр, зэрыфыщIрэ я щхьэр ягъэкъыу зэхущIэуэрэ щыIэ хъунукъым. Иджыпсту пщыхэри уэркъхэри, зэрыжаIэу, шуу ейр шуу ейуэ, лъэсыр лъэсу, Iэщэ зиIэм Iэщэ иIыгъыу Къэбэрдейм къыщхьэщыжын хуейщ. Псом япэу хъумакIуэ гуп зыбжанэ къызэгъэпэщын хуейщ, - хэкум и ищхъэрэ лъэныкъуэм сыт щыгъуи я нэIэ трырет.

- Хуит сыщI, зи пщы щIыхьыр лъагэ уи гупсысэр зэпызудыну, - и дарэгъухэм ящыщ зы ХьэтIохъущокъуэм и IэфракIэм теIэбащ. - ТIэкIу уедзэкъамэ арат. Псори хьэзырщ.

- СынокIуэ.

Кургъуокъуэ зигъэзэн игугъат, арщхьэкIэ асыхьэтым абы зыгуэрым гу лъитауэ и напщIэр хэлъэтащ. - Плъэт, шу гуэрым ди дежкIэ къиунэтIащ. Дыпэвгъаплъэ абы.

Гъуэгу еуэкIыгъуэм къыкъуэкIауэ ущ хуэму къакIуэ шууейм, цIыхухэм гу къалъитагъэнти, шхуэIур иутIыпщащ.

- Къэзанокъуэрщ, - жиIащ пщым. - Мис арат сызыхуэзэну си нэ къикIыр.

- Сывоплъри, зыгуэр къэхъуа хуэдэу къысфIощI. СлIо, зызыгъэбэг тэт эрым фыгуурыIуакъэ? - щIэупщIащ Жэбагъы, шым епсыхыу, пщыми абы щIыгъухэми щэныфIэу фIэхъус яриха нэужь.

- «Фызэгурымыгуа» псалъэр щабэIуэщ, - пыгуфIыкIащ Кургъуокъуэ.

- НтIэ, фызэщыхьэпащ, - шэч къытримыхьэжу жиIащ Къэзанокъуэм.

- КъакIуэ, Жэбагъы, мафIэм деж дыщетIысэхынщ.

Псалъэмакъыр кърaмыгъажьэ щIыкIэ, пщыр гупсэхуу щIэплъащ и ныбжьым хуумыгъэфэщэну акъылыфIэ лIым и нэ губзыгъэ мамырхэм.

- КъызжеIэт, си ныб жьэгъу, ди япэ хэт уэ къыбжезыIэфар дэ дызэрызэщыхьар? Уэ укъыздикIа лъэныкъуэм а хъыбарыр нэсын хуейкъым.

Жэбагъы и Iупэ гъущIахэр хэлъэтри пыгуфIыкIащ:

- Дауи, Алигъуэт лъэкI къимыгъанэу вы укIам сэ хиIуащ, пэжкъэ? Сэ зи гугъу сщIыр щакIуэм къыщыхъуарщ.

- ЦIыху т елъыдж эщ уэ, Къэзанокъуэ, - пщым и щхьэр игъэкIэрэхъуащ.

- Сэ уэ усцIыхуу щымытамэ, шэч сщIынт сераскирым и фIыгъуэ псори уэ къуентхъ пщIауэ. Сыт нэгъуэщI пщIэрэ?

- МащIи, куэди. Ауэ ар иужькIэ бжесIэнщ, иджыпсту игъуэкъым. Иджыпсту сэ къэсщIэн хуейщ, сипщ угъурлы, кърымымрэ фэрэ фи зэхуэзэр зэриухар.

- НтIэ, къедаIуэ, - щэтащ Кургъуокъуэ. - ИтIанэ сыбгъэмысэнуми ухуитщ...

* * *

ЖЭБАГЪЫ хэгупсысыхьауэ щыст, жьэгу ужьыхыжым дэлъ дэпхэр чыпэкIэ зэIищIэу. А тIум яку ит Iэнэм телъ лы гъэжьар упщIыIужырт, дыжьын фалъэм ит фадэми я Iупэ хащIатэкъым.

- Хьэуэ, пщы, - и щхьэр къиIэтащ Къэзанокъуэм, - сэ уэ узгъэкъуаншэркъым. Дауи узгъэкъуэншэн, уи пIэ ситамэ сэри апхуэдэ дыдэу сщIэну щытамэ? ЗыгуэркIэ уэ губгъэн къэпхьыпэу щытми, къызэрыпхьыр зыщ: уэ хъаным и хьэихубжэхуэщIхэм я захуагъэмрэ Iумахуагъэмрэ, апхуэдэ дыдэуи, уи... цIыхухэм къыпхуаIэу уи гугъэ фIэлIыкIым егъэлеиIу ауэ ущыгугъащ. Къысхуэгъэгъу, бзыщI зэрысхэмылъыр.

- Сэ бзыщI хэмылъу пэжыр къызжепIэнущ сызэрыпщыгугъыр, - жэуап къитащ Кургъуокъуэ. - Си жагъуэ къэпщIынкIэ умышынэу пэжыр къызжеIэ.

- Иджыпсту дэ дегупсысын хуейщ ди хэкум и Iуэху зэрыхъунум. Ари зэман гъунэгъу дыдэхэм къэхъункIэ хъунум.

- Аращ сэ си щхьэр щIэузыр. Алигъуэт и лулэмкIэ абы гупсысэ гуэрх эр быдэу къриукIащ.

- Уи гур умыух. Къэгъанэ ар, пщы!

- Деплъынщ, - Кургъуокъуэ Жэбагъы иIыгъ чымпэр къыIихри, мафIэ ужьыхыжым дэп пщтыр къыщилъыхъуэ нэхъей, зэIищIэу щIидзащ. - ПщIэрэ, си ныбжьэгъу, си Iупэм нэгъуэщI зы хъыбари телъщ. Махуэ зыбжанэ хъуауэ абы дзэ узым ещхьу сызэрехуэ...

ИкIи Кургъуокъуэ абы хуиIуэтэжащ АдэлджэрийлIы мыцIыху гуэрхэм зэрахуэзар, Къубатий псэу хуэдэу абыхэм ХьэтIохъущокъуэм къызэрыхуаIуэтар.

Жэбагъы хуэм цIыкIуу дыхьэшхащ.

- Ей, зи щIыхьыр ину Кургъуокъуэ, уэрэ сэрэ а зы хъыбар дыдэр зыр адрейм хуигъэтIыгъуа хуэдэщ.

- Уэри... уэри ар... - къэгумэщIащ пщыр.

- Къубатий зэрыпсэум щыхьэт къыпхутехьуэфыну щытащ Алигъуэт-пэщэр, - зэпIэзэрыту жиIащ хеящIэ ныбжьыщIэм. - Ар зэрыпсэумрэ зэрыузыншэмрэ шэч къытрахьэу щытамэ, си Iуэхут Щоджэныкъуэм и уэркъ хьэжьвакъэжьышхитIыр сераскирым щIыгъуу щакIуэ ежьэтэм.

Пщым и нэгур мывэм хуэдэу хащ. Ар хуейт зыгуэрхэр жиIэну, ауэ къых удэшейртэкъым.

- Пэжщ, пэжщ, - гуфIэу IущэщIащ Къэзанокъуэр. - Ар гушыIэкъым хьэмэрэ хъыбарыуIщхьэрыутIыпщкъым. Сэр дыдэм си нитIымкIэ слъэгъуащ Къубатий - нэхъ щIалэ къудан уигъэлъыхъуэнущ! Сепсэлъащ. ЩIалэ Iущщ, гъэсащ. Апхуэдэ насып зиIэ адэ куэд къэгъуэтыгъуейщ!

- Жэбагъы... - ерагъкIэ къыдришеящ Кургъуокъуэ. - Абы... а щIалэжь цIыкIум и гъусэр хэт?

- БжесIэнщ ари. Уэ, зи щIыхь лъагэ пщы, жыпIащ пщыхэмрэ уэркъхэмрэ Iэмал имыIэу зэкъуэгъэувэн, зяку лъы дэлъхэр зэгъэкIужын хуейуэ... ЖыпIащ, абыкIэ сэри щIэгъэкъуэн сыпхуэхъ упхъэу. Сэ си зэфIэкI мащIэм къитIасэ къэзгъэнэнкъым. Ауэ, пщIэрэ, си пщышхуэ, а Iуэхур уи деж къыщыщIэдзэн хуейщ... Пэжщ, пэжщ, сэ жысIэр! Зы махуэ закъуэу фIэкIа къыщымыхъуу ар ильэсиблкIэ зыпIар, зи Iэнэгу ишхыкIар, зи пIэ хэлъар, езым ищIэ псом ар хуэзыущияр - Тузар Къанболэтщ.

- Си къуэшхэр зыукIар... - ерагъкIэ зэхэпх къудейуэ жиIащ Кургъуокъуэ. - Я азалыхь къару къызэ т..

- Хьэуэ, аракъым Iуэхур зэрыщытыр, - нэщхъейуэ щэтащ Жэбагъы. - Ауэ Iуэхум и пэжыпIэ ткIыбжьыр, пщы, сэ бжесIэфынкъым. Абы папщIэ уэ Къанболэтрэ Къубатийрэ уаIущIэн хуейщ. Къуэр адэм деж, дауи, къэнэжынщ, уимыгугъэ ар шэсыпIэу яIыгъыу, ауэ Къубатий елъытэ уэ къуаншагъэ лъэпкъ зыкIэрымылъ Тузарым у екIужын хуейуэ. Уэ пщIэ псори къыбжезыIар Алыджыкъуэщ, нытIэ ЦIащхьэм и «бзэм и пэжагъым» Къэбэрдей псор щыгъуазэщ.

ХьэтIохъущокъуэр куэдрэ щысащ щыму, итIанэ чымпэр мафIэм пэридзэри, псори зэпилъытарэ быдэу жиIащ:

- Иджыпсту зэкIуэжын Iуэхум и гугъу схуэщIынукъым. Ауэ зэхуэзэн хуейуэ жыхуэпIэр игъуэщ.

- АтIэ а зэIущIэр сэ си пщэ дызолъхьэж, - къигъэгугъащ ар Жэбагъы.

* * *

АДЭР ЩЫШЭСЫЖЫМ, Къубатий лъэрыгъыпсыр иубыдащ, ХьэтIохъущокъуэр и къуэм псалъэ зытIущ нэхъ мыхъуми жиIэу зэхихыну ху ейт.

- Къыз жеIэт, си щIалэ цIыкIу, - щэху у щIэупщIащ ар, - псалъэмакъ гуэрхэм къахэщу зэхыумыхауэ пIэрэ кърымхэм къытте уэну щамурадыр?

Къубатий мычэнджащэу, лIы хуэдэ жэуап итащ:

- МэкъумэшыщIэм гъавэ Iухыжын зэраухыу.

ХьэтIохъущокъуэм къыгурыIуауэ и щхьэр ищIащ икIи аргуэру жиIэнIауэ хуе ягъэнут, ауэ Къанболэт жыр джанэ иIыгъыу къыIухьащ:

- Мыр, щIыхь зыхуэсщI пщы, ар дыдэрщ... Уасэ зимыIэ, апхуэдиз бэлыхь къызэрыкIарщ. - Жыр джанэр мазэ нурым пэлыдырт узригъэхъу апсэу, щэхукIэ гъэнщIауэ, хъуаскIэ щхъуантIэхэр къытелыдыкIыу.

- Ар дыдэри? Иджы гурыIуэгъуэщ: мыпхуэдэм хэт и щхьи игъэузынщ. Ар си ныбжьэгъу Алыджыкъуэм ейм хуэдэу мыбэгуми.

- Сэ си гуапэ хъунт мыр си натIэм изгъэкIамэ, Кургъуокъуэ. Мыр уэ здэщти, ди адэмрэ уэрэ фызэрызэгурыIуауэ щытам хуэдэу щIы. Махуэшхуэ джэгум щытекIуэм ет.

- Абы щыгъуэм, ар уэ къыплъысыжынущ, - къыпыгуфIыкIащ Кургъуокъуэ.

- Хьэуэ. Ар зылъысынур ди щIалэрщ. Сэ а джэгухэм сыхэтынукъым.

- УIэгъэ нэужьым уи узыншагъэр зэфIэмыувэжамэ, джэгухэр дгъэIэпхъуэ хъунущ.

- Уи захуагъэм и сэбэп къокIыжыну Тхьэм жиIэ, пщышхуэ, ауэ къарууншагъэракъым ар къызыхэсхыр.

- АтIэ сыт?

- Сэ сыхуейт афэ джанэр мы щIалэм - лъэныкъуэкIэ IукIыт, къан; укъэмыдаIуэ, - мы щIалэ бэлыхьым лъысыну. Жыр джанэр сысейуэ щытами, ар Къубатий щыгъыу слъагъунут щIалэр и унэм ихьэжын и пэ къихуэу... - Къанболэт жыр джанэр нэдым ирилъхьэри, ХьэтIохъущокъуэм и уанэкъуапэм кIэрищIащ. - Нэгъуэщым дзыхь хуэсщIыфынукъым. Уэ ху-хуху! Си натIэм икIащ.

- Унэпсейкъым уэ икIи уфыгъуэнэдкъым... - хуэмурэ жиIащ пщым.

- Си адэри апхуэдэу щытащ... Гъуэгу махуэ, Кургъуокъуэ!

- Дызэрызэгурыiуам хуэдэу сынывожьэ.

ХьэтIохъущокъуэр ежьэжащ, пщэдеймыщкIэ Жэбагъы, Къанболэт, Къубатий сымэ гъуэгум щащIыгъун папщIэ и шу гъусэхэм щыщу зы пщыкIутху хуэдиз къигъанэри.

* * *

ЕМУЗ И КIЫЩЫМ пэгъунэгъуу жыг хадэ плIанэпэм деж щыт чы матэ къэIубам кIэщIэст хэпщIыкIыу ин хъуа тхьэкIумэкIыхьыр икIи шыудз пыупщIагъащIэр дихьэхауэ ишхырт, макъ иригъэщIу. Къубатий мыбдеж нэхущым и пэ къихуэу къэкIуат икIи бэшэчу Санэ пэплъэрт.

Дыгъэр къыщIэкIыу аузым адэкIэ къыщылъ мэзылъэ джабэм къыдэкIуеину хущIыхьа къудейтэкъым, атIэ дыгъапIэ лъэныкъуэм телъа уэсэпс уэрри ирифакIэт. Мыгувэу пкIауэхэм я макъхэр къэпIэнкIащ, губгъуэ удз гъэгъахэм я тхьэмпэ цIыкIухэм бжьэхэм къыщауфэрэзыхьу щIадзэщ.

Хъыджэбзыр къакIуэртэкъым.

«Iэмал имыIэу къэкIуэн хуейщ, - и фIэщ ищIыжырт щIалэм. - Абы щыгъупщэнуи... и тхьэкIумэкIыхьыр! - Къубатий чы матэм кIэщIэIэбэри псэущхьэ цыбэ цIыкIум сакъыу еIусащ. - Ей-й, си къуэш цIыкIу, дэ тIури зы махуэм, зы сыхьэтым гъэр дащIащ. Сыт сэ уэ уи пIэм сыкъыщIимыхутар?.. Апхуэдэ гъэрыпIэм си гъащIэ псокIэ сисынт...»

(КъыкIэлъыкIуэнущ).



ЗауэлI хъыжьэ, Къэбэрдей пщы уэлий ХьэтIохъущокъуэ Кургъуокъуэ и фэеплъ сыныр Урысей Федерацэм Художествэхэмкlэ и Академием и член-корреспондент, профессор СэвкIуий Хьэмид ищIащ.

Артист ныбжьыщIэхэм я «лъэтеувэ»

● Щэнхабзэ

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхъэрэ къэрал институтым (СКГИИ-м) и театр факультетым актер Iэзагьым щыхурагъаджэ кьудамэм мы гъэм кьэшIигъэкIащ гуниI.

УФ-м щIыхь зиIэ и артист, КъБР-м и Къэрал саугьэтым и лауреат, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIэ, профессор **Теувэк Сультlанрэ** (СКГИИ-м и адыгэ студием и унафэщIы) УФ-м, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, Щоджэнщ1ыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей драмэ театрым и художественнэ унафэщI **Ныбжьыхъуэ Басирр»** (урыс студием и унафэщIы) я гъэсэнхэм театр утыкум эрихьэлIэ ящ гъэбжьуэхэр щачыж, абыхэм я зэфIэкIыр щапщытыкIащ Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкIэ Краснодар дэт къэрал университетым и профессор, УФ-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Нагли Михаил,** СКГИИ-м и актер Iэзагьымкlэ и кафедрэм и унафэщI, КъШР-м щIыхь зиIэ и артист **Балъкъэр Тамарэ,** экзаменатор гупым хэт егъэджакIуэхэмрэ Iуэ1агъэлIэхэмрэ.

СКГИИ-м и егъэджакIуэхэр, студентхэр, институтыр къэзыухъэм я адэ-анэхэмрэ я ныбжьыгъэхэмрэ кьрихьэлIэу Къэбэрдей драмэ театрым и утыкум махуищкIэ щекIуэкIащ адыгэ, урыс студиехэм я диплом спектаклхэр.

Ящэу утыкур хуит зыхуащIар Теувэк Сультlан и гъэсэнхэрэщ. Адыгэ студиер къэзыух ныбжьыщIэхэм къагъэзэгъащ Устинов Лев и «Фо фэндыырэ» таурыхым кьыгращIыкIа спектаклыр. Ар адыгэбзэм кьизыгъэзэгъар Теувэк Сультlанщ, макъамэ хуэзытхар Молэ Владимирщ. Илъэс 15-20-кIэ уэзэбзэкIыжмэ, «Фо фэндыырэ» Къэбэрдей драмэ театрым щагъэувае щытащ, ауэ кьыхэгъэщIыпхъэщ ныбжьрей артист ныбжьыщIэхэми гъащIэм пэгъунэгъу купщIэ зиIэ таурыхъыр хъарзынэу хьаазэрехъулIар. Щэч хэмыльу, спектаклыр дагъуэнщIэтэкым, ауэ ар зэрыяпэ гъыбакъуэмрэ еджапIэ нэхъыщхьэр кьызэрауэ экзаменым ныбжьыщIэхэр мымащIэу зэригъэпейтеирэ кьэпIыпытэмэ, уи нэр зыхуэзбуфIыщI мыхъун ныкъуэсаныгъэшхэу абыхэм я лэжьыгъэм хэлъакъым.

Мыпхуэдэ хэм дежь нэхъыщхьэу зыкъыпытапхъэращи, дэтхэнэми кьыгъэлъэгъуэну Iэмал иIащ утыкум кьызэрихьэфыну амплуа зэмылIужьмыбгъуэхэр, театрепIым и дежкIэ гурыIуэгъуафIэ сценическэ адыгэбзэ гъэхуа зэрапIуэрыпIыр, нэгъэщIащ щхьэхуэнныгъэкэри.

ЩIэлъэгъуэ теплъэм (образым) еIыпатуэ «Фо фэндыырэм» и лIыхъужьхэр гупитIу гуэшат: ныбжьыщIк Iьэдакъэрэ (Къуэдз Расул) абы ипхъу Хьэцыбанэрэ (Шакъ Ася) я ролхэр гуемыIут, щхьэхуэцIьэмрэ нэпсеягъэмрэ кьебэкIырт, гъащIэм зэрыщIыхабзэм хуэдэуи, абыхэм зэхащIыхьхэр гуащIэдзкI хьэлэлкIэ псэу щIыхуфIхэм, Элимар (Щоджэн Алим), Марие (Бэгъэтыр Диана), Нэщхьейф1э (Куэт Диана), Нэщхьей (Мэкъуаэ Алим) сымэ къатехьэлъэт. Фэндырэм ит фо теIыыджэм Петер (Хьэмыкъуэ Олег) и щхьэр игъэунэзат, дунейм мыхьымыщIагъэ щалэжьку иIпатрэуфыщIыхьэ, абы и дежкIэ псорн дахэт, арэзы узытехъуэн

Иорданием и лIыкIуэ Хъэжокъуэ Зухьейр Канадэм и губернатор Роланд Миченер йопсалъэ. *Оттавэ къалэ, 1972 гъэ*

Фыкъеблагъэ Къэбэрдей къэрал театрым!

Мыбы къыщагъэлъэгъуэнущ

IутIыж Борис и трагифарс «Олигарх гуащэ»

фIэщыгъэцIэр зиIэм къытращIыкIа спектаклыр!

Спектаклыр зыгъэувар цIэрыIуэхэм я цIэрыIуэжу режиссер цIэрыIуэ **Теувэк Сультlанщ!**

Щыджэгунухэр Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институту Налшык дэтыр мы гъэм къэзыуха, артист цIэрыIуэ зэрыхъунухэр зи джэгукIэм наIуэу кьыхэщ щалэгъуалэ гупырщ.

Фагъэнэжэгужэнущ, фигу хагъэхъуэнущ, гукъыдэжыр зи гум кьыщIпIкI щалэгъуалэм трагифарсыр фарс эращIыфам фрагъэплъынущ.

ЖьIпIэнуракъэ, фыдыхьэшхынымэ, - фыкъеблагъэ! Нэхъыщхьэр тщыгъупщэрти, - билети кьэвмыщхуэрэ фи сомиI хэмыкIуадэу - **кIуэрыкIуэм тету фыщIагъэхьэнущ** (олигархыкьхэу Теувэк Сультlанрэ IутIыж Борисрэ я шоткIэ).

Спектаклыр щыщIэнущ: мы маэм и 25-м, сыхьэтыр 18-рэ дакьикъэ 30-м.

Скуадрэ адзурэм и насып къокI

● Футбол

Финалым нэхъ пэгъунэгъу хъуэхъукIэ, Европэм и чемпионатым кIуэ пэтми узыIэнщ. КъащIэмэ, жэш кIуар хэкIуэгъукIэ щыхъ мелуанихэр телевизорхэм Iуэащ, нухьрей дуейпсо чемпионатым щыпнрэ я льэщ дыдэу щыта Италиемрэ абыхэм зымащIэ дыдэкIэ кьапикIуэта Франджымрэ я Iуэхур зэрыхъунур яфIэхъэлэмэту.

МЫ ТIУРИ финал ныкъуэм мыкIуэнкIи хьунут. Псом япэрауэ, Iуэхур зэлъытар Голландиемрэ Румыниемрэ я командэ кьыхэхахэм я зэIущIэм кьрикIуэрат. Абы кьинтхэлъэгъунут Италиемрэ Франджымрэ адзкIэгъуэм щIопныкъуэкIыфынрэ я унэ ягъэзэжынр.

Гуп нэхъ гугъу дыдэу кьалытам ящ джэгуегъуитIым и хьэрхуэрэгъу цIэрыIуэхэм бжьыгъэщхэкIэ ятекIуэу пашэныгъэ кьыщцыхьхьа Голландиер мы зIэущIэм Iэмал имыIэу щытекIуэн хуей Румынием смныныкъэуэкIуэщу кьыпщыхьурт. Абы и тренер нэхъыщхьэ Ван Бастен и футболист нэхъыпIдыдэхэр джэгум кьызэрыхимыгъэхьами апхуэдэ гурыщхъуэ унгъэщIырт. Аршхьэкlэ Голландием зэчий ин зыбгъэдэлъ тонджэгухэр и куэду кьыщIэкIащ икIи румынхэм я щхьэр кьызэрырагъэIэта щыIэкъым. Бжьыгэр 2:0-у зэIущIэр зэриухам псори гурыIуэгъуэ кьыпщIащ.

Аргуэруи зи насып кьикIар скуадрэ адзурэм (апхуэдэу зоджэк итальянцхэр) и топджэгухэрщ. ПлIэнейрэ дуней псом и чемпион хъуахэм тайм къэс топ зырыз франджхэм я гъуэм дагъэкIри, 2:0-у текIуащ икIи зыхэт гупым етIуанэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ.

Иджы финал ныкъуэм Италиер Испанием щыIущIэнущ. Голландием и хьэрхуэрэгъур щызэхэкIынур Урысей Федерацэмрэ Швециемрэ я командэ кьыхэхахэм я ныкъэщIэ наIуэ кьэхъуа нужькIэщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

Марко еуэри, езыр джэгум хахуащ икIи абы и зэрапхэ Франджыр хагъэщIауэ я льытэ.

Щапхъэ дахэ тхуэхъу нэхъыжьыфIхэр

● Хъуэжъу

СТАРЭ ШЭРЗДЖ кьуажэм 1989 гъэм кьыщыIэIуахауэ щытащ дэрбзэр фабрикэ. Илъэс 20-м нэблэгъащIу, ар кьыщIэтеувыIэ кьэхъуэхъым, Зэхэщыкlрэ зэгурыIуэрэ зыку дэль гуп дахэ щолажьэ абы.

А Iуэхущ1апIэм ящэу лэжьэн щыщIэзыдзахэм ящыщщ нобэ ди псалъэ гуапэзэр зыхуэгъэзащ - Иуан Хужьрэ Къамбий Валерэрэ.

Хужь щэкI щызэIуащ цехым и лэжьакIуэ пэрытщ, и ныбжьым емыльытауэ, жьыдэжрщ. Анэм хуэдэу и гур кьыгъэIуэхауэ, ди чэнджэщ етхьэлIэмэ, ущие дахэкIэ кьыппэджэжу нэхъыщIэхэм кьыхтэщ ар.

Фабрикэм иIэщ щэкI щраIэ IэнатIи. Валерэ кьызэрыгъэкI лэжьакIуэр абы кьыщыщIидзауэ щытащ икIи а Iэщ1агъэм дихьэхауэ илъэс 16-м щIигъуауэ и IэнатIэм пэрытщ. И лэжьэгъэхэм яхуэзгъуапэщ, пэжу ябгъэдэтщи, я дзыхь кьрагъэзэ.

Унафэщ1эхэм сыт щыгъуи гульытэ зыхуащI, фIыуэ тлъагъу ди jэжьэгъуэгъу Хужьрэ Валерэрэ дохъуэхъу я узынщагъэр мыкIуэщIу, я гугъэмрэ гъащIэмрэ зэхуэу дунейм гу щащхьу, куэдрэ дяпэ итыну. Фи хъу эпсапIэхэр Тхьэм кьыфхуэзэпищэ!

ПщI э кьыфхуэзэщIфи лэжьэгъуэхэр.

Республикэм щыпсэуэхэм фIы дыдэу ящIэж ильэситIи пэкIэ ди «Спартак» футбол командэм дзэгукIэ дахэ кьыпхъдьагъуэу ящхьэкIэ зэрыдзкIуевр. Премьер-лигэм щыхьхьа ящэ ильэсым кьыгъэгъуэгъа зыхэлъэтымрэ дзэгукIэ хуэлэмэтымрэ я фIыгъэкIэ, гъэр ебгъуанэ увыпIэм щыту ящхьащ. Ар премьер-лигэм хьхьа кьудей командэм и дзэгукIэ зэфIэкIыщхьэр!

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и Президент Къанокъуэ Арсен хэлъхьэныгъэшхэу хуещI командэгъэльэшыным, стадионыр зыхуей хуэгъэзэным. Топджэгур фIыуэ зыльагъу цIыху минищIэм КъБР-м и Унафэщым фIыщIэ хуащI фIыуэ тлъагъу ди «Спартак-Налшыкыр» сыт и лъэныкъуэкIи зэрыдIыгъым папщIэ.

Кудым я Iуэху еплъыкIэр кьыщащI, я гурыгъу-гурыщIэхэр зраIуэтыпIэ «Адыгэ псалъэ» газетым сынэтхэным и щхьэхусыгъуэ нэхъыщхьэр зэхъэIар ди командэм и цIэрщ. Топджэгум дихьэхэм, щIэджыкIакIуэхэм кьазэрыщыхьунур сщIэркъым, ауэ, сэ сызэрепльыкIэ, «Спартак» фIэщыгъэщIэм нэхъыапэм иIа мыхьэнэр икIащ. ЗэрытщIэщи, Пасэрей Марие еуэри, езыр джэгум хахуащ икIи абы и зэрапхэ Франджыр хагъэщIауэ я льытэ.

Аргуэруи зи насып кьикIар скуадрэ адзурэм (апхуэдэу зоджэк итальянцхэр) и топджэгухэрщ. ПлIэнейрэ дуней псом и чемпион хъуахэм тайм къэс топ зырыз франджхэм я гъуэм дагъэкIри, 2:0-у текIуащ икIи зыхэт гупым етIуанэ увыпIэр щызыIэрагъэхьащ.

Иджы финал ныкъуэм Италиер Испанием щыIущIэнущ. Голландием и хьэрхуэрэгъур щызэхэкIынур Урысей Федерацэмрэ Швециемрэ я командэ кьыхэхахэм я ныкъэщIэ наIуэ кьэхъуа нужькIэщ.

ЖЫЛАСЭ Заур.

«Спартак» хьэмэ «Эльбрус»?

● Iуэху еплъыкIэ

Урым кьэралыгъуэм пыщIа Спартак лIыхъужьмэ и хьыбар кьытхуэнэри, апхуэдэ цIэр зезыхьэ жылагъуэ спорт зэгухьэныгъэм гъуэгуанэщхуэ кьикIуащ.

Ди республикэм щыIэщ ди мызакъуэу, Урысей псор зэрыгушхуэ, Европэм и кьурш нэхъ лъагэ дыдэ, ди къэралым и щIыпIэ тельыдэжу блым хьыха Iуащхьэмахуэ. ЩхьэфIэтщ мыхьэрэ ди командэм «Эльбрус»? Си гугъэщ абы ди топджэгухэм я гъэшIагъэ нэхъ ин ищIыну, ди республикэм и пщIэр нэхъри иIэтыну.

Нобэ къыхэсхьха си Iуэху еплъыкIэр кьызэдаIыгъыну сыщогугъэ топджэгум дихьэхэмди ди лъахэгъуэхэми.

КЪЫКЪ Руслан, *лэжьыгъэм и ветеран. Налшык къалэ.*

● Кик-боксинг

Псыгуэнсу щIалэхэм я зэфIэкIыр

Псыгуэнсу кьуажэм дэт СпортымкIэ унэм мэкъуауэгъэуэм и 14, 15 махуэхэм щекIуэкIащ кик-боксингымкIэ Урысейпсо зэхьэзэхуэ.

СПОРТСМЕН Iэзэ, кьуажэ щIалэгъуалэр спортым дегъэхьэхыным зи гуащIэшхэу хэзыльхьа, игъэ нэмысу дунейм екьэжа АмкIокъуэ Къэсэн и фэеплъу кьызэрагъэпэща а зэIущIэм хэтащ Москва, Волгоград, Саратов къалэхэм, Ставрополь щыналъэм, Адыгеим, Осетие Ищхъэрэ-Аланием, Шэшэным, Ингушым кьикIа спортсменхэр. ЗэIущIэм апхуэдэу къебгъэгащ спортымкIэ Урысейм и Судейскэ коллегием и унафэщI Кисилев Максимрэ УФ-м и Ипщэ Федерал щIыналъэм кик-боксингымкIэ и федерацэм и вице-президент Шадчиневым Владимирэ.

Хьэщ1эхэм егъэлеяуэ ягу ирихьащ зэхьэзэхуэр зэрекIуэкIа щIыкIэр, ди щIалэхэм ягъэлъэгъуэ зэфIэкIыр. Абыхэм фIыщIэ хуащIащ фэеплъ зэхьэзэхуэр кьызэзыгъэпэщащэу Къэбэрдей-Балъкъэрым кик-боксингымкIэ и федерацэм и вице-президент, КъБР-м физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бейцыкlу Зауррэ КъБР-м кик-боксингымкIэ и федерацэм и тренер нэхъыжь Урым Аслъэнэрэ.

Урысейпсо зэхьэзэхуэм фIым и фIыжу зыкъыщызэгъэльэгъуащэм хабжащ Псыгуэнсу дэт С портымкIэ унэм и гъэсэнхэу БейцыкlуИброхъим, Шэрыщ1ж Заур, ЕкIэщIауэ Астемыр, Налшык щыщ спортсмен ныбжьыщIэ Бейтыгъэ Аслъэн сымэ. Мыбы и пашэ екIуэкIа Урысей зэхьэзэхуэм етIуанэ увыпIэр къыщыдэкIа Бейцыкlу Иброхъим Урысейм и гуп къыхэхам хэту фокIадэ маазэм Италием щекIуэкIыну дунейпсо зэпеуэм щыIэнущ. Псыгуэнсу къуажэм щекIуэкIа Урысейпсо зэхьэзэхуэр кьызэгъэпэщыным я мылъку хальхьащ Москвэ къулыкъу щызезыхьэ Хьэсанэ Руслан, «Мустанг» турист фирмэм и унафэщI Джатэ Тимур, Къэбэрдей-Балъкъэрым Физическэ щэнхабзэмрэ спортымкIэ и комитетым и унафэщI АфIэунэ Аслъэн, «Налшык» аэропортым и унафэщI Мэт Хьэутий сымэ. Кик-боксингымкIэ зи чэзу урысейпсо зэхьэзэхуэр Налшык щрагъэкIуэкIыну трауухащ республикэм кьыкIуэ хьэщIэхэм.

ЛЪОСТЭН Мэз.

Автомобиль къалэ цIыкIу

● ЩIэ

Илъэс кьэс гъуэгу насыпыншагъэхэм ди къэралым щыхокIуадэ щIыхь мин 30-м щIигъу. Абыхэм я процентри 10-м щIигъур сабийщ. Нужьрей зэманым гульытэ хэха хуащI а щытыкIэм фIыкIэ зегъэхъуэ жыным, абы теухуа программэ щIхьэхун къащтащ.

ГIУЭГУМ зэрыщызекIуэ хабзэжэм сабийхэр щыгъэгъуэзэным мыхьэнэшхуэ иIэщ. Абыкlэ сэбэныщхуэ хьунущ гъуэгу щынагъэнщагъэр зегъэпIэкIуэным теухуа, 2006 - 2012 гъэхэм я телщIыхьа федеральнэ программэм ипкъ иткIэ, республикэм щахуэу сабий автомобиль къалэ щIыкIу.

КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБД-м и унафэщI Къудей Арсен щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, ар ухуэным теухуа жэрдэмэр ныкъэхэзыльхьар къэрал кIуэщI Iуэхуэкъмкlэ министру КъБР-м щыIэ Томчак Юрийщ. Ар кьыдиIыгащ Урысейм и МВД-ми. Абы и уэкIкIэ УФ-м къэрал кIуэщI Iуэхуэкъмкlэ и министр Нургалиев Рашидрэ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ Ярин Андрейрэ зэгурыIуэныгъэм Iэ традзащ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсен а Iуэхур ядIыгъри, кьалэ цIыкIур щащхуэну щIыкIыхьэр хухахьымкIэ ядэIэпыкъащ.

Федеральнэ, республикэ бюджетхэм зэхуэдэу кIуэхуаутIыщ ахьшэмкIэ (сом мелуан 15) яухуэ кьалэ цIыкIур и кIэм нагъэблагъащ. Абы щIы гектар 1,5-рэ еубыд. Ар сыт и лъэныкъуэкIи кьызэгъэпэщащ: автомат светофорхэр, гъущI гъуэгу зэпрыкIыпIэ хэм щагъэувэ шлагбаум, гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм я дамыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щыгъэуващ.

- Мыпхуэдэ кьалэ цIыкIуу Урысейм щыIэ хэм я нэхъ иныж иубыдыр гектар ныкъуэщ, кьызэрызэгъэпэщакIи, и щIыналъэкIи дэ япэ дитщ. Дызыхуэныкъуэр еджапIэщ. Ди мурадщ КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и сабий автомобиль школыр абы кьыхэдгъэхьэну. А псори зэфIэдгъэхьэмэ, зи школ кIуэгъуэ мыхъуа сабийхэр, пэщIдзэ класхэм щIэсхэр, кIэщIу жьпIэмэ, ныбжьыщIэ цIыкIуэр гъуэгум зэрыщызекIуэ хабзэхэм хуегъэджэныжмкIэ Iэмал псори щыIэнущ, - кьыхигъащащ Къудей Арсен.

УАРДэ Жантинэ.

Фыкъеблагъэ Къэбэрдей къэрал театрым!

Мыбы къыщагъэлъэгъуэнущ

Iутlыж Борис и трагифарс «Олигарх гуащэ»

фIэщыгъэцIэр зиIэм къытращIыкIа спектаклыр!

Спектаклыр зыгъэувар цIэрыIуэхэм я цIэрыIуэжу режиссер цIэрыIуэ **Теувэк Сультlанщ!**

Щыджэгунухэр Кавказ Ищхъэрэм гъуазджэхэмкIэ и институту Налшык дэтыр мы гъэм къэзыуха, артист цIэрыIуэ зэрыхъунухэр зи джэгукIэм наIуэу кьыхэщ щалэгъуалэ гупырщ.

Фагъэнэжэгужэнущ, фигу хагъэхъуэнущ, гукъыдэжыр зи гум кьыщIпIкI щалэгъуалэм трагифарсыр фарс эращIыфам фрагъэплъынущ.

ЖьIпIэнуракъэ, фыдыхьэшхынымэ, - фыкъеблагъэ! Нэхъыщхьэр тщыгъупщэрти, - билети кьэвмыщхуэрэ фи сомиI хэмыкIуадэу - **кIуэрыкIуэм тету фыщIагъэхьэнущ** (олигархыкьхэу Теувэк Сультlанрэ IутIыж Борисрэ я шоткIэ).

Спектаклыр щыщIэнущ: мы маэм и 25-м, сыхьэтыр 18-рэ дакьикъэ 30-м.

Кобзон Иосиф и юбилей пшыхь

● Гу зытlытапхъэ

СССР-м и цIыхубэ артист Кобзон Иосифрэ УФ-м и МВД-м и Къэрал кIуэщI дзэхэм уэрэдымрэ кьафэмкIэ я академическэ ансамблымрэ зэщIыгъуу 2008 гъэм мэкъуаугъуэм и 23-м Налшык и Театр щхьэнтIэм юбилей концерт щат уэрэджьIакIуэ цIэрыIуэр илъэс 70, милицэм и творческэ гуп хьэлэмэтыр кьызэрызэрагъэпэщрэ илъэс 35-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ.

ФыщIэупщIэ хьунущ КъБР-м Щэнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм и **47-31-19** телефонымкIэ.

Дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэм папщIэ

НАЛШЫК къалэм и дзэ комиссариатым Кавказ Ищхъэрэ дзэ округым контракткIэ къулыкъу щащIу папщIэ, ныбжьыкIэ си ныбжьыр илъэс 40-м фIэмыкIа икIи мы зэманым запасым щыIэ щIыхьэр.

Улахуэр инщ, сом минии 10-м щыщIэдзауэ мин 25-м нос.

КонтракткIэ дзэм къулыкъу щызыщIэну хуейхэм зыхуагъазэ щыхуащ Налшык къалэм и дзэ комиссариатым. Абы и адресыр: Красноармейскэ уэрам, 26, пэш 24. Телефоныр:**44-10-83.**

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

ЖьэкIымыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жуэап зыхь секретарь), **Жылаев Маритэ, Льостэн Музэ, Ныбжьи Таисэ, Уэрдокъуэ Жансурэт, Хьэжыкъарэ Алик, Шал Мухьэмэд.**

ДИ ЭХЭЦIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - ешIапIэ и кьатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редакцэм и нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 47-31-54, 47-33-23; жуэап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхэмкlэ - 42-22-86; кьуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэмэ Iуэхуэщ1ап1эхэм ядэлажьэныжмкIэ - 42-60-53; хьыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; етъыджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 42-63-64, 47-32-15; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущ1апIэм - 42-26-41; суэрэтхьэм - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэтэ Iуэхугъуэхэм я пэжагъыжмкIэ ахэр зытхахэм нэсу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэр зэтехуу зэпыту щытыкIэм.

Газетыр Iэ тезыдзахэм яуэхъыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пошт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 42-06-51, 42-19-59.

Газетыр щрикIуэ жуэап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м.

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1989 гъэм дыгъэгъазэм и 16-м №11-0065-м щIигу яхуащI.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

КъБР-м ЩIнхабзэмрэ хьыбарегъащIэ Iэнатlэхэмкlэ и министерствэм 1905 гъэм щыIа Революцэм и цIэр зезыхь и типографкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, телефоныр 42-35-75.

Мы къыдэжьыгъуэм елъытыгъэ: жуэап зыхь секретарым и къуэдзэ Къашокъуэ Зарэ, редактору Къанокъуэ Анфисэ, корректорхэу Щоджэн Инэ (1,4-нэ пащ.), Табищ Динарэ (2,3-нэ пащ.), корректорхэм я дзэпыкъугъэ Иуан Заирэ. *Компьютерхэр газетым и тепльэр ящIащ:* Ныр Саидэ, ЩкIуэ Мадинэ, *суэрэтыщI* Къарей Элинэ.

Номерыр "Адыгэ псалъэ" и компьютер Iнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ тедзэн хуейщ сыхьэт 20.00-м. Щытыздзар сыхьэт 21.45-рщ.

Индексыр 51531э Тираж 10.008э Заказ №2048